Qaraqalpaqstan Respublikası Shomanay rayonı Málimleme-kitapxana orayı

Málimleme- bibliografiya xızmeti.




# “Jawınger jasları baxıtlı eldiń”

Qaraqalpaqstan xalıq shayırı S.Nurımbetovtıń 125 jıllıǵı

(1900-1972)

Tuwǵan eldiń ar-namısın alıp kel,
Dushpannıń basına sawda salıp kel,
Jeńistiń namasın tezden shalıp kel,
Meniń saǵan tapsırmam sol, perzentim.

# "Jawınger jasları baxıtlı eldiń"

(Sadıq Nurımbetovtıń dóretiwshiligine bağıshlanğan metodikalıq qollanba)

Kirisiw

Sen ómir súreseń bir ásir bálkim,
Dunyaga shıqqan son miynet qıl hár kún,
Al endi sol azğantay waq ishinde,
Adam juz ásirlik is qılıwı mumkin -dep Sadıq shayırdıń ózi bir qosığında jırlağanınday, XX ásir qaraqalpaq ádebiyatı tariyxında dóretiwshilik talantı menen ózgeshelenip turatuğın xalıq shayırınıń miyrasları izertlenbekte. Usı munásibet penen bibliografiya xızmeti tárepinen «Jawınger jasları baxıtlı eldiń» atamasında metodikalıq qollanba duzildi. Qollanbanıń birinshi bólimi «Xalıq maqtanısh etken xalıq shayırı» dep atalıp,bul jerde Sadıq Nurımbetovtıń ómiri hám dóretpeleri haqqında sóz júritiledi. Bólimde shayır haqqında keńnen mağlıwmat beriledi. Ekinshi bólimde Sadıq Nurımbetovtıń jańa dáwirdegi dóretiwshilik iskerligi. Úshinshi bólimde Sadıq Nurımbetovtıń urıs dáwirindegi dóretiwshiligi.Tórtinshi bólimde Sadıq Nurımbetovtıń urıstan keyingi dáwirdegi dóretiwshiligi.Besnshi bólim Xalıq shayırırnıń dástanlıq shığarmaları.

Al keyingi bólim keshelerde ótkeriletuğın massalıq ilájlarğa bağıshlanadı. Qolllanbanıń aqırında bolsa «Talantlı xalıq shayırı» atamasında shólkemlestiretuğın kitap korgizbeniń metodikalıq jol-jobası hám de paydalanğan ádebiyatlardıń dizimi berilgen.

## «Xalıq maqtanısh etken xalıq shayırı»

(Sadıq Nurımbetovtıń ómiri hám dóretiwshilik xızmeti haqqında )

XX ásir qaraqalpaq ádebiyatı wákilleriniń biri Sadıq Nurımbetov kóp ğana lirikalıq, satiralıq qósıqlardıń hám birneshe poemalardıń avtorı. Ol balalarğa arnap ta bir qansha shığarmalar dóretti. Shayır shığarmaları rus, ózbek, qazaq tillerinde jáLriyalandı.

Sadıq shayır 1900-jılı Qońırat begligine qaraslı "Saray kól" degen elatta ulamalar shańarağında dúnyağa keldi. Sadıq shayır jas waqıtlarınan awıllıq mektepte oqıdı. Ákesi qaytıs bolıp qalıwına baylanıslı ol medresede oqıwın dawam ete almadı. Ákesi menen tuwısqan Sıdıq degen ağasınıń qolında oqıydı hám sol úyde tárbiyalanadı. Ol Sadıqtı óz úyinde oqıtadı. Sıdıq ta sol zamannıń sawatlı belgili shayırı, qıssaxan adamı bolğan. Onıń úyinde arab, parsı hám túrk tilindegi jazılğan shejireler, ádebiy, mádeniy miyraslar Sadıqtı júdá qızıqtıradı. Bul jağdaylar jas Sadıqqa sawatlı adam bolıwğa, qıssaxanlıqtı iyelewge múmkinshilik jaratadı. Sebebi, ol zamanlarda qıssaxanlıqtı iyelegenler milliy mádeniyattı iyelewshi hám qádirlewshi, jáne de ol mádeniyattı elge

taratıwshı adamlar dep tanılğan. Olar ózleriniń shayırshılıq talantın da eldegi qıssaqanlıq arqalı jetilistirilgen.

Sadıq on jaslarınan baslap-aq qosıq jazğan. Sıdıq shayır inisi Sadıqtağı shayırshılıq talanttı sezip, oğan úlken ğamxorlıq etedi. Onı eldegi toy- merekelerge qasınan qaldırmay alıp baradı. Solay etip, ol Sadıqtı jas waqıtlarınan eldiń bay milliy ádebiyatı hám mádeniyatı menen tanıstıradı. Ondağı talant ta milliy mádeniyattağı onıń dástúr hám tájiriybeleri tiykarında qosıp jetisedi.

Sadıq shayır meshit-medreselerde tálim almaydı.Ol ağası Sıdıqtan tálim aladı,oqıydı hám tárbiyalanadı. Ol eldegi sol dáwirdegi haqıyqıy tariyxıy jağdaylardı óz kózi menen kóredi. Sol tariyxıy, sociyallıq jağdaylarda xalıq penen birge jasadı. Máselen: 1914-jılı elde birinshi imperiyalistlik urıs jağdaylarında xalıq penen birge jasadı. Qaraqalpaqstanda 1914-16- jılları awır ashlıq baslanadı. Adamlar tamaq izlep elden-elge qańğıradı. Sadıq shayır da ağası menen birge orıs soramındağı Shımbay uezdiniń Jańabazar bolıslığına kelip qonıs basadı.

XX ásirdiń basında júz bergen eski dúzim menen jańa dúzimniń almasıwındağı qarama-qarsılıqlar, burıngı ádebiy mádeniy miyraslarımızdı bir tárepleme bahalawshılıq, sheklewshilik siyasatı shayır dóretiwshiligin de aylanıp ótpedi. S.Nurımbetovtıń diniy sawatı bolğanlığı sebepli 1930- jıllarğa shekem onıń ádebiyatqa aralasıwına tosqınlıqlar boldı. Sadıq shayır Nurımbet ulı qaraqalpaq demokratik ádebiyatı tariyxınıń dástúrleri negizinde tárbiyalanıp jetilisken shayır. Ol óziniń ájayıp dóretiwshiligi menen XX ásir qaraqalpaq ádebiyatınıń eń iri wákilleriniń biri bolıp qaldı. Onıń dóretiwshilik xızmeti 1918-jıldan shayır hám qıssaxan sıpatında belgili. 1939-jıldan burıngı SSSR Jazıwshılar awqamınıń ağzası. 1942-jıl Qaraqalpaqastan húkimeti oğan “Qaraqalpaqastan xalıq shayırı” atağın, 1957-jılı Ózbekstan Joqarğı keńesiniń buyrığı menen shayırğa “Ózbekstan xalıq jırshısı” atağı berildi. Ol húkimet tárepinen bir neshe sapar orden, medallar menen sıylıqlandı. Kóp mártebe húkimet jarlıqların alıwğa miyassar boldı. XX ásir ádebiyatı tariyxında dóretiwshilik talantı menen ózgeshelenip turatuğın xalıq shayırı Sadıq Nurımbetov 1900-jılı Kegeyli rayonında dunyaga kelgen. Jeti jasında ákeden jetim qalğan, shayır ağası Sıdıq Toqpan ulınıń tárbiyasında bolıp, eski mektepte oqıp sawat ashadı. Dáslep awıllıq mektepte soń Xojelidegi Usnatdiyin Axunnıń medresesinde oqıp tálim aladı. Ol jaslayınan folklordı, ásirese «Ǵárip-ashıq», «Ǵoruğlı», «Ashıq Nájep» sıyaqlı birqansha dástanlardı óz betinshe oqıp úyrenedi hám qıssaxanlıq jolın mereke-meylislerde sheber atqaradı. Sadıq shayır ózine ustazlıq etken, XX ásirdin basındağı belgili satirik shayır Sıdıq Toqpan ulınan shayırlıq hám qıssaxanlıqtıń dáslepki sabaqların aladı. «Zaman», «Pirman baydıń diyqanına», «Ábiy sağal», «Aq qapshıq», «Qus» sıyaqlı qosıqların úlgi etip, yadtan aytıp juredi. Mine usılayınsha shayırdıń talantınıń erterek oyanıwına birinshiden ağası hám ustazı Sıdıq Toqpan ulı, ekinshiden xalıq massası túrtki jasadı. Sadıq Nurımbetovtıń dáslepki shığarmalarınıń biri «Dawıtkól», «Kókshiyel»,

«Esetseń» qosıqları onıń ómir bayanı menen tikkeley baylanıslı. «Mende keldim Dawıtkóldi panalap» yamasa «Kókshiyel» qosıǵındaǵı «Biraz adam awqat etken Kókshiyel» qosıǵı dóregen. Joqarıdaǵı qosıq qatarları xalıqtıń sol waqıttaǵı awır turmısın, kún-korisiniń tiykarı balıq bolǵanlıǵın aytıp turadı. Ol folklorlıq shıǵarmalardı, klassik shayırlardıń shıǵarmaların úyrenip bardı. Ásirese, sol waqıtları xalıq arasına keńnen taralǵan ashıqlıq dástanların qıssaxanlıq jolına salıp aytıwdı jaqsı kórgen. Mine, bunday ádebiy ortalıq bolajaq shayırdıń keleshek ádebiy jolına tiykar saldı.Usı turmıstı Sadıq shayır da xalıq penen birge basınan keshirdi, keyninde ol qosıq bolıp dóredi. Shayırdıń dáslepki qosıqları saqlanıp qalmaǵan. Onıń 1919-jılı jazǵan "Dawıtkól"degen qosıǵı keńnen belgili. "Tillaxan", "Jańabergen" atlı qosıqları shayırdıń dóretiwshiliginiń dáslepki jılları jazıldı. XX ásirdiń 30-jılları jańa zamannıń rawajlanıw dáwiri boldı. Urıs jılları shayırdıń patriotlıq qosıqları oqıwshılar tárepinen qızǵın kútip alındı. Ásirese onıń "Perzentim"qosıǵın kópshilik adamlar yadlap alıp aytıp júretuǵın qosıqqa aylandı. Shayırdıń yumor-satiralıq baǵdardaǵı shıǵarmaları da joqarı kórkemlikke iye boldı. Sonday-aq Sadıq shayır qaraqalpaq poeziyasında shıǵıs ádebiyatında keń tarqalǵan muashshaq janrın kóbirek dóretti. Bul jılları elimizde mádeniy aǵartıw, bilimlendiriw, sawatsızlıqtı saplastırıw jumısları qattı qolga alındı. Bul adamlardıń sana-sezimleriniń rawajlanıwına tásir jasadı. Burın Dawıtkól menen Kókshiyeldiń arasında júrgen Sadıq Nurımbetov endi respublikamızdıń orayına keldi. Bul onıń jámiyetlik turmıslarǵa belsene qatnasıwına múmkinshilik jarattı.

Shayır kóp ǵana poema hám dástanlar da dóretti. "Berdaq", "Qamarı", "Túlkishek", "Teńizde",1930-jıldan baslap qosıqları baspa sózde jarıq kórdi. 1940-jılı "Biziń watan" degen at penen birinshi qosıqlar toplamı jarıq kórdi.1942-jılı "Jeńimpaz xalıq", 1944-jılı "Batırlar alǵa", 1950-jılı "Baxtiyar" dástanı, 1954-jılı "Nurlı tań", 1958-jılı "Farxad", 1960-jılı shıǵarmalarınıń I tomı, 1961-jılı "Jipekshi Jańıl", "Jańa jumbaqlar",1962-jılı "Jańa zaman jırları" 1972-jılı shıǵarmalarınıń II tomı, 1968-jılı "Xanalaslar" dástanı baspadan shıqtı.1969-jılı "Xanalaslar" dástanı ushın xalıq shayırı Berdaq atındaǵı mámleketlik sıylıqtı alıwǵa miyasar boldı.

Sadıq shayır Nurımbet ulı ádebiyatqa XIX ásirdıń aqırı XX ásirdıń basındaǵı qaraqalpaq demokratik ádebiyatınıń nızamlı dawam ettiriwshileriniń biri sıpatında ásirdiń basında kirip keldi. Ádebiyatımız tariyxında bul ásirde Túrkistan jadidleriniń progressivlik háreketleri Oraylıq aziyada húkim súrgen dáwirleri bolıp, Qaraqalpaqstanda da sawatlı xalıqtıń kúsheygen, sawatlı qıssaxan shayırlar mektepleri dúzilgen, qaraqalpaq jazba ádebiyatınıń tolıq qáliplesken, ádebiyatta kórkem til normalarınıń da jetilisken, eldiń, xalıqtıń dúnyalıq tariyx, ádebiyat, mádeniyat penen tutasqan jılları boldı. Milliy ádebiatqa da Ayapbergen, Abbaz, Sadıq, Qazaqbay, Jańabay, Sápiwra usaǵan kóp-kóp sawatlı talant iyeleri kirip kele basladı.

1917-18-jıllar Qaraqalpaqastandı sovet húkimeti basıp alıp, óz ústemligin ornatıp atırǵan jıllar edi. Bul húkimet ellerdiń, xalıqtıń erki menen esaplaspaytuǵın, eldiń úrip-

ádetlerine pútkilley qarama-qarsı keletuǵın, hátte elde jasap turǵan xalıq talantların esapqa almaytuǵın, xalıqlıq ádebiyattı, mádeniyattı moyınlamaytuǵın húkimet bolıp shıqtı. Sadıq shayırdıń dóretiwshilik ómiri usınday bir tariyxıy dáwirge tuwra keldi.

1917-jıldıń aqırı1918-jıldıń baslarında shayırdıń watanında jalńa húkimeti ornadı. Bunıń menen eldiń awhalı jaqsılanbaydı. Eldegi awır ashlıq, awırıwshılıq dawam etedi. Usı jıllardaǵı eldegi qıyınshılıq jaǵdaylar haqqında Sadıq shayır bılay dep jazadı.

Jutım ushın bul ne degen daǵdarıs,
Tarıqqanda tabılmadı bir tanıs,
Men de keldim Dawıtkóldi jaǵalap,
Qursaǵım ash tek qosıǵım aldanısh.

Ashlıq biziń ápshimizdi quwırdı,
Kóp adamlar jeken tamır suwırdı,
Bir-birewden tabılmaydı shápáát,
Sepkil betler kóz jas penen juwıldı.

Qosıqta dáwir qıyınshılıqları, sol qıyınshılıqqa duwshaker bolǵan adamlardıń kewil-keypi usılayınsha oǵada mazmunlı hám kórkem etip berilgen. Bul qosıq jas shayırdıń bar ekenliginen dárek berip turdı.

Sadıq shayırdıń óziniń aytıwına qaraǵanda, ol 20-jıllarda júdá kóp shıǵarmalar jazǵan. Jas bolıwına qaramastan, el ishinde qıssaxanlıq qılǵan. Ol jigirma jaslarınan ataqlı shayır, ataqlı qıssaxan bolıp atanǵan.

Shayır “Tillaxan” shıǵarmasında hayal-qızlar teńligi ushın gúres ideyasın sáwlelendirse, “Esetseń” shıǵarmasında eldegi qayır-saqawatsız Eset usaǵan bay adamlardıń ústinen kúledi. Onıń “Rahmanbergen menen aytıs”ı sol 20-jıllarda xalıqtıń arasına kóp tarqalıp ketken shıǵarmalardan bolǵan, jáne Sadıqtıń atın shayır sıpatında elden-elge keń taratqan. Bul aytıstıń kelip shıǵıw tariyxı tómendegidey jaǵdaylarda payda bolǵan: Sadıq shayırdıń awılında shayırsımaq Rahmanbergen degen bir adam bolǵan. Ol Sadıq shayırdıń jaqın bir qarındaslarına bir háptede shehsip beriw múddeti menen bir jumbaq jazıp bergen. Qız ózi bul jumbaqtı sheshe almaǵan. Qız jumbaqtı sheshiw boyınsha jeńgesine oylasqan. Jeńgesi de jumbaqtı sheshe almay Sadıq shayırǵa barıp oylasqan.Sadıq jumbaqtı sheship bergen. Waqtı jetip Rahmanbergen qızǵa kelip jumbaqtıń sheshimin sorasa, onıń qalay sheshiletuǵınlıǵın aytqan. Qızdan Rahmanbergen jeńilip qalǵan, oǵada qapa bolǵan. Bir kúnleri Rahmanbergen adamlardan qız jumbaqtı ózi sheshpegenligin, al onı Sadıq shayır sheship bergenligin esitken. Bunı esitip Rahmanbergenniń shayırǵa ashıwı kelgen. Sonnan soń ol otırıspa mereke bolsa, adamlarǵa “Sadıq shayır emes, onnan kóre men táwirirek shayırman, onıń menen bir shayırshılıqta aytısar ma edim, onı qaytıp shayırman dep aytpastay eter edim”- dep maqtanıp jıredi. Bir kúnleri awılda bir toy boladı. Ol toyǵa Rahmanbergen

de, Sadıq shayır da keledi. Rahmanbergennıń Sadıq shayır menen aytısar edim, degen gápin esitip júrgen adamlar olar ekewin aytıstırmaqshı bolıp bir otawdıń aldına alıp keledi. Sadıq shayır da burınnan Rahmanbergenniń , bul gápin esitip júr edi. Otawdıń aldında Rahmanbergendi kóriwden Sadıq shayır ózi-aq birden aytıstı baslap jiberedi.

"Halıńdı jaqlamay ildiń ayaqtan,
...Lapıshtay tuwlaysań jatqan qırdağı,
...Awzıń qorqıraydı naylı shılımday,
...Terıń ağıp sen juwazdıń oğınday,

Qozǵalmaysań baylar soyǵan soǵımday,
Eńseń túsip hágini ketken tuyǵınday,
Qálpedey alańlap júrgen usaysań!
...Awzıńdı qıysaytıp seyisxanaday,
Ókpelep bir bayaz aytqan usaysań,"-dep Sadıq shayır

qosıqtı ústi-ústine dóndiredi. Rahmanbergen sol jerde awzın asha almay qaladı. Ol kópshilikke Sadıq shayırdan jeńilgenligin moyınlaydı. Sol jerde merekege jıynalǵan adamlar Sadıqtıń haqıyqıy shayır ekenligin tanıydı. Usınnan soń Sadıq shayırdan jeńilgenligin moyınlaydı. Usınnan soń Sadıq shayırdıń Rahmanbergen menen xalıq arasında shayırlıq aytısqa túsiwi elden-elge taraydı.

Sadıq shayır 20 jaslarında-aq elge XIX ásirdiń aqırı XX ásirdiń basındaǵı Túrkistan jadidleri dástúrinde qaraqalpaq jerinde tárbiyalanıp jetisip kiyatırǵan ataqlı shayır hám qıssaxan sıpatında tanıladı. Elinde jańa dúzilip atırǵan húkimetke uzaq tájiriybege, milliy dástúrlerge súyenip elge, xalıqqa dóretiwshilik penen xızmet etip kiyatırǵan shayırlardıń kerek emes ekenligin ol kóredi. Eldıń bilimi adamlarınıń quwdalanıp, ilim máskanları bolǵan meshit, medreselerdiń buzılıp atırǵanlıqları shayırdı ruwxıy daǵdarıslıq jaǵdaylarǵa alıp keldi. Sol sebepli 20-jıllarda ol sovet húkimetin maqtap ta jamanlap ta qosıq jaza almadı. Biraq, klassik ádebiyat dástúrlerinde eline, xalqına dóretiwshilik penen xızmet etiw onıń baslı maqsetlerinen boldı. Sol dástúrde ol ele milliy ádebiyattı, mádeniyattı dawam ettirdi. Sebebi, sovet húkimeti eldiń úrip-ádetlerin, milliy dástúrlerin birden joq ete almadı. Bul jıllarda Sadıq shayırǵa óz zamanlaslarınıń ómirleri úlken sabaq boldı. Máselen: Ayapbergen shayırdıń, Qazı Máwliktiń, Qasım Awezovtıń, Qazaqbay shayırdıń, Seyfulǵabit Májit ulınıń dáwir alasatları menen ayqasıp jasawları, bul arqalı óz xalqınıń mápi, milleti ushın xızmet qılıwları, álbette shayırdı oylandırǵan máselelerden boldı.

Sadıq shayır 1929-jılı kolxozǵa kirdi. Bul ózine jańa húkimettıń isenimin shaqırıw edi. Jáne de bul dáwirlerde sovet húkimetiniń jańa siyasatına ılayıqlastırılǵan. 1930-jildan baslap "Kolxozǵa kir", "Paxta haqqında aytıs", 1934-jılı "Suw alma" qosıqların jazdı. Bul shıǵarmalarına shayır, birinshiden, óziniń sovet ádebiyatına qádem urǵanın

kórseter edi, ekinshiden ulıwma shayırshılıq diapazonınıń keńligin xalıq moyınlar edi, onnan xalıq shayırı dástúrlerinde jazadı dep úmit te eter edi. Bul jıllarda shayır klassik ádebiyattaģı satiranı keń qollanıw múmkin emesligin túsinip jetti. Sol sebepli 1935-jılı "At sawdasına aldawshılarģa qarsı", "Shańbay" atlı satiralıq shıģarmalar dóretti. Sadıq shayırdıń bul qosıqları 30-jıllarda elge keń taralıp ketti. Usı arqalı ol sovetlik ádebiyatta da islew múmkin ekenligin túsindi.

1939-jılı Sadıq shayır bir topar shayırlar menen Moskvaģa, Tashkentke barıp qaytadı. Burın awılınan atlap shıģıp kórmegen shayır ushın jańa dúnyanıń esigi ashıladı. Onın «Moskva», «Kórindi» qosıqları usı saparlarınan dóredi. Shayır hár bir atqan adımında óziniń dóretpeleri menen iz qaldıradı. Kópshilik Sadıq Nurımbetovtı satirik shayır sıpatında biledi, haqıyqatında da sonday. Ol dáslepki dóretiwshilik jolınan baslap ómiriniń aqırına shekem satira janrında tek qosıqlar ģana emes, poemalar da, tımsal qosıqların doretti. Sadıq Nurımbetovtıń dóretiwshiliginiń ózine tán ózgesheligi sonda, ol qálemi ushlı, ótkir satirik shayır sıpatında yumor-satiralıq qosıqları menen jámiyettegi unamsız hádiyselerdi hám olardı keltirip shıģarıwshı ayırım adamlardıń minez-qulqında ushırasatuģın jaramsız illetlerdi ashshı sınģa aladı. Ol ayrım shayırlar qusap ápiwayı mayda temalardıń átirapınan aylanıp ótpesten, belgili faktlerge súyengen halında ulıwma xalıq iygiliginiń dushpanların áshkaralawdan qaymıqpaydı. Bul onıń «Porxanlar», «Kush kóliklerden arza», «Nókis gorkomxozınıń basshılarına», «Shalaģay bolmań hár iske», «Oylap kórer», «Mende sonda maqtayman» qosıqlarınıń mazmunında óz sáwleleniwine iye boldı. Urıs dáwirinde xalıq shayırınıń qosıqları «Jeńimpaz xalıq» (1942), «Batırlar alģa»(1944) degen atamada kitap bolıp basıldı. Shayırdıń usı dáwirde dóretilgen «Bugin», «Erlerge sálem»,«Qutlı bolsın ordenleriń», «Harmańız», «Perzentim», «Jeńiske» hám taģı basqa qosıqlarınıń tematikası jawıngerlerdiń fronttaģı qaharmanlıqları menen tıldaģı miynet adamlarınıń pidákerli islerine arnalıp qoymastan, fashist basqınshıların áshkaralawģa hám xalıqtı dushpan ústinen jeńiske ruwxlandırıwshı kúsh-jiger baģıshlaytuģın mánige iye boldı. Urıstan keyingi paraxat turmıs, eldegi ullı ózgerisler menen quwanıshlı waqıyalar shayır dóretiwshiligine ayrıqsha ilhám baģıshladı. 50-60 jılları shayırdıń dóretiwshiliginiń ayrıqsha gullengen dáwiri boldı. Sonlıqtan da onın «Nurlı tań» (1954), «Farxad» (1958), Shıģarmalarınıń I,II tomları (1960,1972), «Jipekshi Jańıl»(1961), «Jańa jumbaqlar» (1961), «Jańa zaman jırları» (1962), «Aqlıģım» (1965), «Xanalaslar» (1968), «Ótesh ójet» (1970), ózbek tilinde «Sher va dostonlar» (1956), «Salam do'stlarim» (1962) kitapları baspadan shıqtı. Shayır poeziyasında yumor-satira menen birge tımsal janrı da ayrıqsha orındı iyeledi. Ol óziniń tımsallarında kórse qızarlar menen maqtanshaqlardı, ótirikshiler hám qızģanshaqlardı («Nawqan qurt hám dızıldawıq», «May hám torta», «Miywe hám japıraq», «Bala Lashın hám Qutan», «Balon hám kirpi», «Tolqınsaq») óz mápinen basqanı oylamay, adamlardan jırıp jewge ádetlengen nápsiqawlardı («Diyqan hám jalģızaq», «Tawıq

hám torǵay», «Dızıldawıq hám Sona», «Suǵanaq iyt», «Arashashı») ótkir sınga aladı. Shayır álbette bul tımsallar arqalı hár bir adamǵa ózinshe juwmaq shıǵarıwǵa shaqıradı. Xalıq shayırı S. Nurımbetov balalar ádebiyatına da úlken kewil bólip qaradı. Sonlıqtanda shayırdıń tálim-tárbiyalıq áhmiyetke iye qosıqları («Avtobusta», «Íraslıq», «Jaqsı qız», «Jaqsılıq», «Gamxorlıq»), menen jumbaqların mektep sabaqlıqlarınıń hár birinde kórsek boladı. Sonıń menen birge xalıq shayırı Sadıq Nurımbetov epikalıq poeziya tarawında da jemisli qálem terbetti. Shayırdıń «Xanalaslar» dástanı 1990-jılı dóretilip, bul dástan 1968-jılı arnawlı kitap bolıp basılıp shıqtı hám Berdaq atındagı respublikalıq sıylıqtı alıwǵa miyasar boldı. Solay etip, biz soz etken talantlı xalıq shayırı Sadıq Nurımbetov ozinin lirikalıq, satiralıq, epikalıq shıgarmaları menen házirgi dáwir qaraqalpaq ádebiyatı tariyxında turmıstı tereń jırlagan jırshı sıpatında tanıldı.

Sadıq shayır Nurımbet ulı ádebiyatqa XIX ásirdiń aqırı XX ásirdiń basındaǵı qaraqalpaq demokratik ádebiyatınıń nızamlı dawam ettiriwshileriniń biri sıpatında XX ásirdiń basında kirip keldi. Ádebiyatımız tariyxında bul ásirde Túrkistan jadidleriniń progressivlik háreketleri Oraylıq Aziyada húkim súrgen dáwirleri bolıp, Qaraqalpaqastanda da sawatlı xalıqtıń kúsheygen, sawatlı qıssaqan shayırlar mektepleri dúzilgen, qaraqalpaq jazba ádebiyatınıń tolıq qáliplesken ádebiyatta kórkem til normalarınıń da jetilisken, eldıń, xalıqtıń dúnyalıq tariyx, ádebiyat, mádeniyat penen tutasqan jılları boldı. Milliy ádebiyatqa da Ayapbergen, Abbaz, Sadıq, Qazaqbay, Jańabay,Sapiwra usaǵan kóp-kóp sawatlı talant kirip kele basladı.

**Sadıq Nurımbetovtıń jańa dáwirdegi dóretiwshilik iskerligi.**

Shayır 1930-jıllarda jasap, eldıń siyasiy jaǵdayınan xabardar boldı. Socializm, totalitarlıq rejim elde jeńgenligine de tolıq kózi jetti. Bul dáwirlerde eldıń siyasiy, mádeniy ómirlerinde de biraz ózgerisler kelip shıqtı. Máselen: "Qızıl Qaraqalpaqstan", "Jetkinshek" gazetaları, "Qaraqalpaq iskusstvosı hám ádebiyatı" jurnalları shıǵa basladı. Milliy ádebiyatlardı mekteplerde oqıtıw baslandı. Elde jańa dáwirge ılayıqlastırılǵan joqarı oqıw ornı pedinstitut, ilim izertlew institutları ashıldı. Qaraqalpaq folklorı, klassik shıǵarmaları elden jazıp alınıp, baspada bastırılıp shıǵarıla basladı. Ádebiyat shólkemlerin qayta qurıw haqqında qararlar da payda boldı. Qaraqalpaq ádebiyatına Q.Áwezov, Á.Ótepov, A.Begimov, S.Majitov, J.Aymurzaev, M.Dáribaev usaǵan talantlı jazıwshılar kelip qosıla basladı. 1934-jılı Qaraqalpaqstan jazıwshılar awqamınıń I sezdi de bolıp ótti. Usı jılları orıs ádebiyatı, milliy ádebiyatlardıń klassikleri A.S.Pushkinniń, Tolstoydıń, T.G.Shevchenkonıń, Shota Rustaveliydiń saltanatlı yubileylerin ótkeriw eldiń mádeniy ómirlerinde úlken waqıyalar boldı.

Óziniń ómirlerin jańa dáwir menen baylanıstırǵan Sadıq usaǵan xalıq shayırlarına bul ilájlar úlken tásir etti, sovetlik dáwirde de óz talantın rawajlandıra alatuǵınlıǵına Sadıq shayırdıń kózi jete basladı.

1938-jılı Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi menen Qaraqalpaqstan jazıwshılar awqamı birlikte elden xalıq talantın jıynaw maqsetinde hám olardı bir dóretiwshilik shólkemge biriktiriw boldı. Qaraqalpaqstan Respublikası eki zonaǵa bólinip, Qońırat, Shımbay zonası dep xalıq talantlarınıń olimpiyadasın shólkemlestirdi. Bul olimpiyadanıń tiykarǵı maqseti elden talantlı shayır,qıssaxan, jıraw, baqsılardı jıynaw hám olardı dóretiwshilik shólkemge biriktiriw boldı. Olimpiyadada Sadıq shayır shayırshılıqta da, qıssaxanlıqta da birinshilikti iyeledi.Onnan soń sol jılı olimpiyada jeńimpazları menen ushırastı. Bul jaǵday xalıq shayırına úlken ruwxıy kúsh-quwat baǵıshladı.

1939-jılı Sadıq shayır burıngı SSSR Jazıwshılar awqamınıń II sezdine, sonday-aq Ózbekstan jazıwshılar awqamınıń II sezdine de delegat bolıp qatnasadı. 1930-jıldıń aqırı shayırdıń dóretiwshilik jolǵa bet alıp shıqqan, ol jóninde shayırshılıq izleniwshilikke kirisken, ásirese, óziniń dóretiwshilik kúshlerin Respublikalıq masshtabta sınap kóre baslaǵan jılları boldı. Sadıq shayır tek 1930-jılı "Sezdim boldı", "Shevchenko", "Kórindi", "Qızıl Moskva", "Yaranlar", "Nókis", "Jalqawlarǵa" "Ógizlerden xabarıń joq", "Porxanlar" atlı jáne de kóp shıǵarmalar dóretti. Jáne bul shıǵarmalarınıń barlıǵı da respublikalıq baspa sózlerde járiyalandı. Xalıq shayırınıń bul jıllarǵı jazǵan qosıqları óz ishine hár qıylı tematikadaǵı ómir kórinislerin súwretlese de, bunnan bes on jıllar burıngı jazǵan qosıqlarına qaraǵanda mazmunı, mánisi, ideyalıq baǵıtı, siyasattı jırlaw sheberligi, kórkemlik ózgesheligi jaǵınan anaǵurlım jetiskenligin kórseter edi. Ásirese "Nókis", "Jalqawlarǵa", "Ógizlerden xabarıń joq", "Porxanlar"shıǵarmaları ári jańa húkimettiń awır siyasatın qollap-quwatlawshılıqtı úgitlese, ári xalıqlıq mápti qorǵawshı, óz eliniń, xalqınıń búliniwshiligine janı ashıwshılıǵın sezip turar edi. Máselen: "Yaranlar" shıǵarmasında siyasattı jırlawdan góre xalıq erkinligi jırlanar edi. "Porxanalr" qosıǵında adamlardıń ladanlıǵın kritikalaw, "Ógizlerden xabarı joq" degen shıǵarmasında xalıq malın, xalıq múlkin, jańa húkimettiki dep jawızlarsha ayamaw, "Jalqawlarǵa" degen shıǵarmasında el mápin oylap xızmet qılıwǵa shaqırıw bar. Onda hár qanday xalıq múlkin búldiriwshilerge qarsı gúres otı da kórinedi.

**Sadıq Nurımbetovtıń urıs dáwirindegi dóretiwshiligi.**

1940-jılı Sadıq shayırdıń "Biziń watan" degen at penen birinshi qosıqlar toplamı baspadan shıǵadı. Buǵan 1981-jıldan 1940-jıllarǵa shekemgi belgili bolıp júrgen ǵana shıǵarmaları kiredi.

1941-jılı 22-iyundaǵı Germaniya fashizminiń tınısh otırǵan elge urıs ashıwı xalıqtı júdá awır hám qıyınlasıw jaǵdaylarǵa túsirdi. Xalıq watandı jawdan qorǵawǵa atlandı. Elde usınday qıyın jaǵdaylar baslanǵan waqıtlarda eldıń ruwxıy kúshi bolǵan kórkem ádebiyatta óz ústine awır juwapkershilikti alıwǵa tuwra keledi. Urıs baslanǵan kúnleri-aq SSSR jazıwshılar awqamınıń balıǵı A.A. Fadeev Moskvadaǵı úlken xalıqlıq mitingide: "Biz elimiz jazıwshıları bul sheshiwshi ózleriniń orınların biledi. Biziń

kópshiligimiz qolımızǵa qural alıp urıssaq, kópshiligimiz qálem menen urısamız" degen edi.

Haqıyqatında elimizdiń kóp jazıwshıları urıstıń dıslepki kúnlerinen-aq watandı qorǵawǵa atlandı. Kópleri siyasiy komandir, Oraylıq hám front gazetalarınıń xabarshıları, siyasiy xızmetker lawazımların atqarıwǵa kiristi. Orıs jazıwshıları A.Fadeev, M.Sholoxov, A.Surkov, Í. Erinburg, K.Simonov, A.Tvardovskiylerdiń frontqa atlanǵanınday qaraqalpaq jazıwshılarınan J.Aymurzaev, A.Begimov, Q.Ayımbetov, J.Seytnazarov, A. Turımbetov, Sh. Xojaniyazov, Á.Shamuratovlarda watan shaqırıǵın quwatlap, frontqa dushpanǵa qarsı sawashqa atlandı. Al, kóp jası úlken shayır jazıwshılar A.Dabılov, S.Nurımbetov hám t.b lar tılda turıp óz wazıypaların atqardı.

Qaraqalpaq jazıwshıları basqa tuwısqan xalıqlar jazıwshıları menen birge watan, xalıq táǵdirine tileklesligin bildirip, respublikalıq gazetalardıń betlerinde ótkir kóp-kóp publicistikalıq maqalalar járiyaladı. Mısalı:Xalıq shayırı Abbaz shayır Dabıl ulı "Biz jeńemiz", J.Aymurzaev "Jawdı jeksen etemiz", S.Nurımbetov "Jeńiske", N.Japaqov "Fashistler tart qolıńdı", J. Seytnazarov "Bizler jeńemiz" atlı shıǵarmaların daǵazaladı. Ekinshi jer júzlik urıs baslanǵan waqıtlarda Sadıq shayır awılda edi. Biziń elimiz dushpandı jeńetuǵınlıǵın, úlken kúshlerdiń bar ekenligine kózleri jetti. Bularǵa jası úlkeyip ketkenligi sebepli frontqa bara almaytuǵın ekenligin bildi. Frontta jeńiske erisiw ushın tılda da úlken pidákerlik miynettiń kerekligin ol túsindi. Ol ózi bul kúnlerde kolxoz dalalarında kolxozshılar menen bir turıp qızǵın miynet etti. Jáne de ol hár kúni frontqa sawashqa atlanıp baratırǵan óz awılınıń jawıngerleri aldında olardıń patriotlıq sezimlerin oyatatuǵın shıǵarmalardı kúni-túni oqıdı.

Ol 1942-jılı dekabrde Qaraqalpaqastan ASSR Ministrler Keńesiniń ótinishi boyınsha Nókiske kóship keldi. Xalıq shayırı óz qolına qural alıp frontqa qatnaspaǵanı menen, shayırshılıq ótkir qálemniń kúshi menen elde xalıqtıń jeńiske isenimlerin bekkemleytuǵın ,frontqa atlanıp baratırǵan jawıngerlerdiń dushpanǵa jekkóriwshiligin arttıratuǵın olardıń patriotlıq sezimlerin oyatatuǵın jalınlı qosıqları menen-aq járdem etti.

Xalıq shayırı urıstıń dáslepki kúnlerinen-aq adamlarǵa ruwxıy kúsh-quwat beriwshi xalıqlıq tribunǵa aylandı. Urıs dáwirindegi elimizdiń kórkem ádebiyattıń aldına qoyıp otırǵan talapları xalıq shayırınıń dóretiwshilik iskerliginiń oraylıq temasına aylandı. Sonıń ushın fronttıń dáslepki kúnlerinde tıl menen fronttıń birligi, xalıqlar doslıǵı máselelerin jırlawǵa kóp kewil bóldi. Xalıq shayırınıń usı jıllardaǵı bunday shıǵarmalarınıń qatarına "Watan", "Jawıngerdıń anası", "Jeńimpaz xalıq","Sáliyma" hám t.b shıǵarmaları kiredi. Shayırdıń "Jawıngerdiń anası" degen shıǵarmasında, front penen tıldıń bekkem birligi bılayınsha táriyiplenedi:

Balam ketip, sen gúreske barǵanda,
Men atızda qaharmanlıq qılaman.

Bolmasa:

Men isleymen úsh adamnıń xızmetin,
Ádiwli watannıń tutıp húrmetin.

Urıs jılları xalıq shayırı óz dóretiwshilik miynetine burıngıdan da beter juwapkershilik penen qaradı. Eldegi urıs jaǵdayı da fronttaǵı, tıldaǵı bolıp atırǵan qıyınshılıqlar onıń oy sezimlerine hesh tınıshlıq bermedi. Urıs dáwirine baylanıslı júdá kóp patriotlıq shıǵarmalar dóretti. Xalıq shayırı olardıń kóbin gazetalarda járiyalasa, kóbisin xalıq aldında qıssaxanlıqqa salıp oqıdı. Bul, álbette, xalıq shayırına tán qubılıs edi. 1943-jıldan dushpan biziń kóp jerlerimizdi iyeledi. Bunday qıyın jaǵdaylarda watandı saqlap qalıw ushın jan ayamaw hár bir adamǵa dástúrge aylandı.Xalıq basına túsken bul tariyxıy jaǵdaylar sol xalıqtıń ádebiyatında da jırlandı. Sebebi, eldiń ruwxıy dúnyası neni talap etse, onıń ádebiyatı, kórkem óneri, mádeniyatı sonı jırlawı tábiyǵıy nızamlıq edi. Usınday qıyın jaǵdaylarda xalıq shayırı "Perzentim" atlı patriotlıq qosıq dóretti. Bul shıǵarma waqtında xalıq keypin, xalıqlar kewillerin sóylegen shıǵarma bolǵanlıǵı menen bahalı boldı.

Qosıq urısta dushpan biziń awıl menen qalalarımızdı oyran etip atırǵanda, dushpan menen sawashta, xalıq qattı qasarısıp turǵanda, kóp adamlar konclagerlerde azap shegip atırǵanda, óz ulın frontqa sawashqa atlandırıp atırǵan hár bir ata-ananıń óz perzentine násiyatı jazılǵan shıǵarma boldı. Mısalı:

Xalıq ushın tuwılıp kamalǵa keldiń,
Jawınger jasları baxıtlı eldiń,
Watanıńa búgin wádeńdi berdiń,
Wazıypańdı orınlap kel perzentim.

Tuwǵan eldiń ar namısın alıp kel,
Dushpannıń basına sawda salıp kel,
Jeńistiń namasın tezden shalıp kel,
Meniń saǵan tapsırmam sol perzentim.

Yadıńnan shıqpasın dushpannıń pánti,
Gitlerdiń buzılǵan menmenlik shárti,
Azatlıq dúnyanıń bolıńız márti,
Watan ushın ayanbaǵıl perzentim.

Qosıqtıń hár bir qatarı patriotizm ideyaları menen suwǵarılǵan.Bul qosıq frontqa atlanıp baratırǵan jawıngerlerdiń aldında shayır tárepinen talay mártebe oqıldı. Jáne de frontqa atlanıp baratırǵan jawınger bul shıǵarmanı xalıq shayırınıń ózinen sorap alıp, qoyın bloknotlarına jazıp áketken waqıtları da kóp boldı. Xalıq shayırı óziniń patriotlıq ideyaların, ásirese "Watan ushın" degen shıǵarmasında júdá jaqsı berdi. Haqıyqatında, qıyın dáwirlerde watan boylap qolǵa qol berisip dúzilgen jazıwshılardıń ruwxıy kúsh

frontı da payda bolġan edi.Bul jıllarda úlken rus jazıwshısı I.Erenburg "Jazıwshılar frontqa ótkir ruwxıy qural jaraq jetkerip berdi"-dep jazdı.

Sadıq shayırdıń bul jıllardaġı jazġan "Tolqınlansın jańa kúshler" degen shıġarmasında da xalıqtıń ġázep otı tutanġanlıġı, eldiń dushpandı qıyratıw ushın frontqa ġalaba atlanġanlıġı xabarlansa, "Xalqıń qáhár qıldı búgin" degen shıġarmasında dushpannıń ózleriniń qıyralıp atırġanlıġın bildirdi. Al "Front mártleri" degen qosıġında jawdı jeńiw, watandı mártlershe qorġaw biziń xalqımızġa dástúr bolıp qalġanlıġın aytadı. Shayır "Batırlıq" degen shıġarmasında frontta massalıq qaharmanlardıń ishinen jekke qaharmanlıqlardıń da payda bolıp atırġanlıġın kórsetip, Qaraqalpaqstannan ketken Orazbay Jumanazarovtıń erliklerin jırlaydı.

Shayır: Oq turġanda qarday borap,
Jawlar alġanında orap,
Qıyınlıqta iske jarap,
Qaytpay soqqı bergen eken,
...Suwıqqa suwġa qaramay,
Dneprden ótken eken,-dep jazadı.

Shayırdıń usınday xalıq qaharmanların jırlaġan shıġarmalarına "Inimniń xatı", "Ótesh batır" hám t.b shıġarmalar kiredi.

Xalıq shayırı bul urıs bir ġana sovet eli menen bolıp atırġan urıs emes, jáhán xalıqları urısına aylanġan urıs ekenligin, sol sebepli dúnyadaġı progressivlik kúshler fashizmdi qıyratıwġa qaratılġanlıġın da kórsetedi. Urıs jıllarında xalıqlardıń dos tatıw, birge islesiw, bir-birewge tilekleslik usaġan xarakterleri ósip jetilisip hám bekkemlesip atırġanlıġı jırlanadı.Sonıń ushında shayır:

Ar-namıs bir-ózbek, qaraqalpaqta,
Haramı jawlardan kegin almaqta,-dep jazsa,

"Qaharman xalqımızdıń balalarına" degen shıġarmasında:

Bizden sálem Leningrad qalamız,
Seniń ul-qızıńdı qarsı alamız,
Álpeshlep asıraġan urpaqlarıńdı,
Burınġıdan beter shadlı qılamız-dep jırlaydı.

Usı jılları fronttaġı qaharmanlıqlar menen birge tıldaġı qaharmanlıqlar da xalıq shayırınıń dóretwsiliinde teńdey jırlanadı. Máselen "Watan"."Sáliyma", "Baslıq Nurımbetke", "Orınlaw dárkar", "Pitkereyik qazıwlardı, miynetkesh" hám t.b.shıġarmalar bunıń dáliyli boladı.

Sadıq shayır tábiyatında satirik shayır. Onıń urıs jılları qálemi burınġıdan da ótkirlese tústi. Hámme nárse frontta dushpan ústinen jeńiske qaratılġan bir zamanda eldegi geypara adamlarġa keritartpalıq, jalqawlıq, biyparwalıq shayır tárepinen qattı sınġa alınadı. Ásirese, basshı kadrlar kóp kritikaġa ushıraydı. Máselen:"Baslıq Táńirbergenge", "Baslıq Qurbanbayġa", "Qıyınshılıqqa dus etken", "Kúsh kóliklerden

arza", "Shalaǵay bolmań hár iske", "Ermanov penen Niyazov", "Nókis gorkomxozınıń basshılarına ", "Tártibi joq,ullı qıyqıw" hám t.b. usaǵan xalıq shayırınıń kóp qosıqların kórsetiwge boladı.

Xalıq shayırı urıs jılları bes jıl dawamında xalıq basına túsken awır jaǵdaylar menen birge jasadı. Bul jıllarda milliy ádebiyatta xalıq kerek dep tapqan jerge óz talantın ayamay jumsadı. Ol bul jıllarda dóretiwshilik tájiriybe toplap kóp jollardı basıp ótti. Eń baslısı Sadıq shayır milliy ádebiyattıń bir úlken belsendi wákil bolıp xızmet etti. Bul jol xalıq shayırı ushın úlken mektep boldı. Jánede hámme dáwirde de hámme jaǵdaylarda da ádebiyat eldiń, xalıqtıń ruwxıy kúshi bolıp qalatuǵınlıǵına shayırdıń kózi jetti.

Ekinshi jer júzlik urıstıń ústinen jeńis penen tamam bolıwı pútkil adamzattı úlken quwanıshqa bóledi. Evropa hám Aziyanıń kóp xalıqları endi birotala fashizmniń tırnaǵınan azat boldı. Biziń elimizde de jasawshı xalıqlardıń tınıshlıq jol menen ómir súriwiniń jańa dáwirleri baslandı. Biziń elimizdiń xalıqları aldında endi urıstan qıyraǵan xalıq xojalıǵın tınıshlıq jol menen qayta tiklew usaǵan wazıypalar turdı. Bulda, álbette, urıstan sharshaǵan elge ańsat emes edi. Usı ruwxıy etapta da ádebiy, kórkem óner xızmetkerleri eldiń jańa tariyxıy dáwirge kóshiwdegi ózleriniń wazıypaları bar ekenligine túsindi. Kórkem oylarda endi xalıqtıń tınıshlıq dáwirlerdegi qaharmanlıqlarına aralaspasa bolmay qaldı. Solay etip eldiń ruwxıy kúshi bolǵan dóretiwshilik xızmetkerlerdiń aldında jańa wazıypalar qoyılatuǵın bolıp qaldı. Bul ómirde nızamlı da qubılıs edi.

Solay etip, olar ushın jańa oylardıń ruwxlandırıwshılıqlarınıń deregi endi tınıshlıq dáwirlerdegi eldegi tınıshlıq penen baslanǵan miynettegi xalıq qaharmanlıqlar bolıp qaldı.

1945-jılı 7-iyulda Qaraqalpaqstan ASSR Joqarǵı keńesiniń 6-sessiyası boldı. Sessiyada urıstan qıyraǵan xalıq xojalıqlarınıń qayta tiklew, elde jańa miynet qaharmanlıqların shólkemlestiriw, ásirese, Qaraqalpaqastanda paxtadan, dánli eginlerden joqarı zuráát jetistiriw máseleleri qaraldı. Bul sessiyaǵa shayır, jazıwshılar da qatnastı. Sessiyada xalıq shayırı "Xalıqtıń abroyı, máderi-paxta" degen qosıǵı menen shıǵıp soyledi. Onda xalıq shayırı:

Jeńis dáryasınan marjanlar sebin,
Turmısqa sarıp ettiń tabıstıń kóbin,
Front ushın barlıq isler degen sóz,
Xojalıq jaǵına aylandı búgin,-degen gáplerdi ortaǵa saldı.

**Sadıq Nurımbetovtıń urıstan keyingi dáwirdegi dóretiwshiligi.**

Endigi elimizde bolatuǵın shaqırıqlar tınıshlıq turmıstı gúllendiriwge qaratıldı. 1946-jılı xalıq shayırı "Kúsh salıń" degen qosıǵın jazdı. Onda shayır adamlardı tınıshlıq turmısta miynetii rawajlandırıwǵa shaqırdı. Ol tınıshlıq turmıstaǵı miynet

processlerin óz kózi menen kórip júrgrenlikten shayırdıń ózi de eli, xalqı menen birge jasap atırǵanlıqtan, jáne de óz jámiyetine janı ashıǵantlıqtan ol óz júreginen shıqqan gáplerin kerek dep tapqan jerlerinde xalıqqa uran etip tastadı. Ol poeziyanıń ómirge ot penen suwday kerek ekenligin biletuǵın edi. Sonlıqtanda miynet adamlarınıń estetikslıq sezimin qıtıqlaytuǵın,olardıń miynetke súyiwshiligin arttıratuǵın, dáwir talap etilip turǵan aktual máselelerdi gáp etetuǵın shıǵarmalar dóretiw zárúrligin túsindi. Sol sebepli dekloratıvlik poeziadan góre adamlarǵa qaharmanlıq, shólkemlestiriwshilik talap etip qoyatuǵın shıǵarmalardı ol kóp jazdı. Máselen: "Sıylıqlar topla", "Mol zuráát biziń shárt", "Arta bersin tájiriybeli usılıń, "Kolxoz qızı Perdegúl" atlı shıǵarmaları usınday qosıqlar boldı.

Máselen:"Sıylıqlar topla" degen shıǵarmasında xalıq shayırı:

Aldın ala tayarlıq zor kúsh kerek,
Kolxoz atızında quwatlı qollar,
Qızǵınlı kirissin iske qúdiretli,
...Aldıńǵılar úlgilerin kórsetip,

MTSleri basshılıǵın kúsheytsin,
Kolxozshılar ushın alǵa órletip,
Agronomlar tájiriybeli is etsin!
Paxtakesh doslardıń jańa usılı,
Iske asırılıp planlar tolsın,-dep jırlanadı.

Shayır óz elindegi bolıp atırǵan jańalıqlarǵa quwandı. Urıstan sońǵı jılları shayırdıń watanında da quwandırarlıq kóp-kóp jańalıqlar júz berdi. Máselen: Ámiwdáryaǵa GES quruwdı shólkemlestiriw, Taxiyatas qurılısınıń baslanıwı, ásirese, Chardjow-Qońırat temir jol qurılısınıń baslanıwları usaǵan máseleler xalıq shayırınıń ilhamına ilham qostı. Bul dáwirde Sadıq sayırdıń qáleminen "Dańq alıw kerek qurılıstan", "Tez orınlap barmaq kerek", "Ráhátin kóriń endi", "Poezd kelgende", "Ósip baratır",, "Baratırıppan" h.t.b. kóp-kóp shıǵarmalar dóredi.

Xalıq shayırı elimiz ómirinde bul bolıp atırǵan ájayıp qurılıslardıń, qızǵın miynettiń arasında júrip óziniń poeziyalıq jedelin arttırdı. Ol bul dáwirdegi ájayıp qurılıslardı óz kózi menen kórip, miynet qaharmanları menen ushırasıp, sóylesip, olardan miynettegi jemislerin kózi menen kórip júrip jazajaq temasın, poeziyalıq azıǵın, súwretleyjaq tamasha turmıs waqıyaların taptı. Ózi de quwanıshqa bólenedi. Sol sebepten de xalıq shayırı bul waqıyaǵa quwanıshlılıq penen poeziyalıq talant penen dóretiwshilik qatnas jasadı. Máselen: "Ósip baratır" bolmasa, "Baratırıppan" degen shıǵarmalarında shayır hár kúngi miynet bulaǵın kóriwge baratırǵan maqsetli poeziyalıq atlanısı jazıladı. Máselen:

Ayda, shofyor balam, qolda roliń,
*Kewilim tasqan, hallas urar júregim,*
Aytsam shadlıǵımnıń saǵan deregin,
Sayranlap júrmege baratırıppan.

Bul zamanda men baxıtlı ǵarrıman,
Húrmetlimen erkin kúlip-shalqıǵan,
Jáhánǵa belgili ullı dańqınan,
Qurılıstı kórmege baratırıppan

Qanday edi Taqıyatas burında,
Elespesiz jattı ámiw qırında,
Ullı partiyanıń ǵamxorlıǵında,
Kórkem keleshekke baratırıppan

Xan dáwirinde jatırǵan bir tas edi,
Átirapı toǵaylıq, shad aǵash edi,
Onıń atın hesh kim soramas edi,
Al, búgin súymege baratırıppan!-dep jazadı.

Qosıqta óz xalqına óz watanına dóretiwshilik penen xızmet etip júrgen adamnıń maqsetli saparı ekenligi kórinip turadı.

Bul jıllarda milliy qaraqalpaq ádebiyatında úlken-úlken ózgerisler de payda bolıp atırǵanlıǵı bilinip te turadı. Kórkem ádebiyatta adamdı tanıwshılıq, gumanizm, insan roli kúsheyedi. Ádebiyatqa X.Seytov, B.Qayıpnazarov, I.Yusupov usaǵan jas talantlar da kelip qosıldı. Milliy ádebiyatta poeziya, dramaturgiya proza da jańa shıǵarmalar menen bayıdı. Bul jıllarda kórkem ádebiyattıń sapasın jaqsılaw maqsetinde de baspa sózde húkimettiń kóp-kóp qararları da payda boldı. Ásirese SSSR jazıwshılar awqamınıń II-III sezdleri bolıp, onda kórkem ádebiyattıń bunnan bılay rawajlanıw perspektivaların belgilp beriwlerde milliy ádebiyatqa, onı kórkem sóz iyelerine ájayıp tásir jasaǵanlıǵı sózsiz.

Urıstan keyingi jıllarda xalıq shayırınıń dóretiwshilik xúzmetlerinde onıń shayırlıq diyapazonınıń keńeyiwine baylanıslı, onda xalıqlar doslıǵı, dúnyada paraxatshılıqtı qorǵaw temaları da keń orın aldı. Bul shayırdıń urıstan aldıńǵı jáne de urıs jıllarındaǵı oylarınıń dawamı edi. Sol sebepli, urıstan sońǵı jılları endi bul temalardı shayır keń jobada jırlawǵa ótti. Onıń bunday dóretpeleriniń qatarına “Xosh keldińiz”, “Moskvanıń 800 jıllıǵına”, “Nekrasovqa”, “Jambılǵa”, “Azatlıqtı súygen barlıq miynetkesh” h.t.b. da kóp shıǵarmaları kiredi.

Sadıq shayır 1955-jılı Moskvada bolıp ótken dúnya júzlik forumǵa qatnasıwı shayır ómirinde úlken tariyxıy waqıya boldı. Ol bul kongressten keliwi menen "Doslıq quwanıshta" degen shıǵarmasın jazdı.

Xalıq shayırı totalitarlıq rejim húkim súrgen zamanlarda jasadı. Sol sebepli ol jámiyettiń siyasatınan, ideologiyasınan ǵárezsiz jasawı múmkin emes edi. Sonlıqtan da onıń dóretpelerinde jańa zamandı maqtaw tábiyiy nızamlıqqa aylandı.1960-jılı shayırdıń ómirinde úlken tariyxıy waqıya boldı. Mámleketimiz onıń 60 jıllıq merekesin úlken saltanat penen ótkerdi. Xalıq shayırınıń shıǵarmalarınıń ı tomı baspadan shıqtı.

Dáwirdiń xarakterine baylanıslı urıstan keyingi jıllarda xalıq shayırınıń dóretiwshiliginde satira, yumor hám tımsallıq shıǵarmalar keń xarakter iyelep ketti. Mısalı‘ "Ańlap bas", "Qurǵaq wáde bolmasın", "Jıynalıstan kelgen soń", "Shuǵıllarǵa", "Áwere" atlı satiraları, "Nawqan qurt hám jılan dastıq", "Diyqan hám jalǵızaq", "Tawıq hám torǵay", "May hám torta", "Dızıldawıq hám sona" h.t.b. tımsallıq shıǵarmaların da turmısta júz bergen iplaslıqlardı kúlki otı, adamlar ǵázebi menen joq qılıwdıń jolların qarastırdı.

Bul jıllarda xalıq shayırınıń shayırshılıq diyapazonı keń rawajlandı. Ásirese, xalıq shayırında tematikalıq rawjlanıw kórindi. Shayır dóretpelerinde "Báhár quyashında", "Ámiydárya", "Qaraqum" usaǵan poeziyalıq lirikalar da rawajlandı. Klassikalıq poeziyaǵa tán táriyiplik shıǵarmalar da kóp jazdı. Xalıq shayırı dóretiwshiliginiń keń diyapazonda rawajlanǵanlıǵınıń birden bir guwası 50-jıllarda "Berdaq", "Qamarı","Teńizde", "Zarımbettiń ǵabırısı", "Farxad", "Túlkishek" poemalarınıń jazılıwı boldı.

XX ásir 60-jılarında xalıq shayırınıń dóretiwshiliginde epikalıq rawajlanıwınıń baxıtı hár tárpleme en jaydı. Ásirese, poeziyanı milliy ádebiyatta janrlar boyınsha aktivlestiriwge úles qostı. Bunıń onda úlken sebepleri de boldı, birinshiden, bul jıllarda xalıq shayırı dóretiwshiliginde milliy ádebiyat penen elge qalay xızmet qılıw kerek ekenligin barlıq sırlarına ol túsinip jetisti. Ekinshiden 1960-70 jıllarda haqıyqattan da eldiń tariyxıy, siyasiy, sotsiyallıq, ekonomikalıq hám mádeniy ómirinde de úlken-úlken ózgerisler de payda bola basladı. Milliy qaraqalpaq ádebiyatı da barlıq janrlar boyınsha tolıstı. Kritika janrı da ádewir rawajlanıwın taptı. Sadıq shayırdıń haqıyqıy talant, haqıyqıy shayır ekenligin ádebiyat izertlewshileri de tolıq moyınlatqan jılları boldı. Shayırdıń ózi de dóretiwshiligi maydanında ter tógip hadal miynet qılsań, burıngı awqam dáwirinde de óz xalqınıń bahalaytuǵınına kózi jetti. Xalıq shayırı dóretiwshilikte massa zamannıń aldıńǵı ideyaları shıǵarmada kóriniwi kerekligin túsinip jetisti. Sonlıqtan onıń dóretiwshiliginde janlı tematikalıq rawajlanıwdıń ájayıp úlgisi kórindi.

Xalıq shayırı jańa dáwirge baylanıslı jańasha dóretiwshilik penen tınbay izleniwshilikke kiristi.Sol sebepli ol óziniń bul jıllardaǵı bir shıǵarmasında bılay dep jazǵan edi:

Haqım joq sharshap harıwǵa,
Sebep joq artta qalıwǵa,
Waqıt joq basqa otırıwǵa,
Sharıqla, kewlim, shalqıp tas!

Qádemim tınbay alǵa shap,
Qádemim uzaq jolǵa shap,
Qıyalım tıńnan oylap tap,
Aǵızıp bulaq sarqılmas!

Jas ulanday til qatsam,
Sóz dizbesin bir tartsam,
Tereńnen júzip jır tapsam,
Qaysı adam jaqtırmas-dep jazadı.Bul xalıq shayırı tárepinen jay jazıla salǵan qosıq emes,bul usı jıllardaǵı, Sadıq shayırdıń dóretiwshilik qúdiretliligin alǵa qaray bet alǵan xarakteri. Bul xalıq shayırınıń úlken ruwxıy izleniwshiliginiń kórinisi. Bul onıń milliy ádebiyat, milliy poeziya haqqındaǵı dóretiwshilik oylarınıń, sheshimleriniń juwmaǵı. Haqıyqatında onıń dóretiwshilik xızmetlerge jan-táni menen kirisip ketkenliginiń dálili. Jáne de bul shıǵarma xalıq shayırınıń dóretiwshiliginde ózine-ózi úlken talapshańlıq hám kritikalıq kóz benen qaraytuǵınlıǵın kórseter edi. Ekinshiden, shayırdıń óz sózi menen aytqanda , bul milliy ádebiyatta poeziyanıń ólshew tasınıń artqanlıǵın da kórsetetuǵın xalıq shayırınıń shın júreginen jazılǵan oyları, niyeti, maqsetleri ekenkigi bilinip turar edi.

Haqıyqatında, shayırǵa óz xalqınıń ómirindegi gigant tabısıarı onı kóp oylandırǵanı ras. Haqıyqıy óz eliniń jeńislerin jırlawǵa oǵan say kelerlik haqıyqıy poeziya kerekligin kórdi.Sonıń ushın da ol:

Marjan izlep yosh teńizge súńgidim,
Talay oyǵa shómip, talay shulǵıdım,-dep jazadı.

Rasında da, 60-jıllardaǵı xalıq shayırınıń jazǵan shıǵarmalarında jańa dáwir adamları, olardıń ishki dúnyası, ádep-ikramlıq xarakterleri, psixologiyası sáwlelenedi. Sadıq shayırdıń bul jıllardaǵı poeziyasında XIX ásirdiń aqırı XX ásirdiń basındaǵı ózleri tárbiyalanıp jetisken mádeniyattaǵı jáne de bul ásirdegi jádidlik uranlar da ádebiy processtiń adamǵa túsiniw, insanǵa kewil bóliwshilik, olardıń qıyalın , kewlin kóriwshilik degen princpleriniń 60-jıllardaǵı ádebiyatta da iske asıp kiyatırǵanlıǵı seziler edi. Sebei, bul principlersiz ádebiy principlerdiń, mánissiz, mazmunsız ekenligine daw joq edi. Sol sebepli xalıq shayırınıń kórkem shıǵarmalarda oraylıq

orında aldıńǵı kóz-qarastaǵı adam turıwı shártliligi ushın gúresti. Sebebi, ádebiyat-bul ómir. Endi bul ómirdi ádebiyat durıs sóyley almasa, ol adamlardı jańa oylarǵa, jańa estetikalıq sezimlerge tárbiyalay almasa, ol ádebiyat bolıwdan qalatuǵınlıǵın ózi jasap ótken 20-30 hám onnan da sońǵı jıllardaǵı ózi jasap ótken ómirlerinde kóp kórgen edi. Sol sebepten, ádebiyatta xalıq shayırı bolsań, eline, xalqına dóretiwshilik penen xızmet qılaman, dep aydın jolǵa shıqqan ǵayratker bolsań, haqıyqıy milliy ádebiyattıń iyesi bolıw kerekligin túsindi. Sonlıqtanda shayırdıń ózi de ádebiyatta jańa kóz-qarastaǵı adamlar jasawı kerek, óytkeni, barlıq tabıs, barlıq jeńis usı jańa adamlar menen, degen pikir hám oylar menen jasadı. Sol sebepten ol:

Sizler menen tabıs ta bar, dańq ta bar,
Sizler menen kóp baylıqlar toplanar,-dep jazadı.

Sol sebepli bul jıllarda xalıq shayırınıń jańa adamlar obrazın jırlaǵan tómendegidey kóp shıǵarmaları jarıq kórdi. “Bos qalmańız jarıstaǵı úlesten”, “Balıqshı qız”, “Paxta toyındı”, “Kútip tur sizdi atızlar”, “Atızda”, “Suwshı”, “Traktorshı”, “Shofyor”, “Shaqqanlasıń”, “Axmed-Nigar”, “Mádreyim Jumanazarovqa” usaǵan kóplegen jańa shıǵarmalar onıń qáleminen dóredi.

Sadıq shayırdıń bul jańa miynet temasın, jańa miynet qaharmanların jırlawda onıń ózine tán ózgeshelileri, qaytıp tákirarlanbaslıq bay dóretiwsghilik usılları boldı. Ásirese, kóp tabıslardıń deregi basqa xalıqlar menen tatıwlıqta jasaw dep bildi. Sol sebepli xalıq shayırı elimizdegi doslıq, tatıwlıq, birlikti jırlawǵa da kóp kewil bóldi. Bul doslıq, birge islesiw, bir-birewge járdem qolın sozıw bul bir kúnniń yamasa bir jıldıń jemisi emes, ásirese ásirler boyı qáliplesken process ekenligin, olardıń uzaq tamırları, tariyxı bar ekenliklerin jırlawdı dóretiwshiliktegi bas maqsetlerdiń biri dep esapladı. Sol ushın da doslardıń tabısı eldi quwandıratuǵınlıǵı ol shıǵarmalarında bárhá maqtanısh etedi. Sol sebepli de “Ózbekstan degen shıǵarmasdında:

Siz ázelden mol ónimniń qonısı,
Siz ázelden tolılardıń tolısı,-dep kórsetedi.

Bolmasa shayırdıń bir ápiwayı bir “Shapanım” degen qosıǵı bar. Onda xalıqlarǵa tán úrip-ádet bar, jánede eki-úsh xalıqtıń bir-birine húrmet-izzeti kórsetiledi. Qosıq ápiwayı qosıq bolǵanlıǵı menen onda úlken máni, mazmun jatır. Máselen: Birin Hámid gulayım toyında japtı,

Birin Sabit joram úyinde japtı,
...Eki xalıqtan estelik bul shapanım,
... Biriń qazaqsha dur, biriń ózbekshe,
Ekewi de bir-birinen erekshe!- dep jazadı.

Sadıq shayır xalıqlar doslıǵı bul uzaq ásirlerden dawam etilip kiyatırǵan qazaq doslarına qarap aytqan gáplerinde de bılay dálilleydi.

...Biz xalıqpız burınnan-aq irgeles,
...Qız alısıp, qız berisip qatısqan,
Dayı, jiyen tuwma bolıp shatısqan,
Bir tabaqtan as, duz iship tatısqan,

...Jeriń barma qaraqalpaq kórmegen!
Qazaqlarda Bes qalama órlegen,
Burınnan-aq sıylasıqlar zor eken,-dep jazadı.

Bolmasa "Xosh keldiń, ulları Ázerbayjannıń" degen shıǵarmasında:

Seniń Araksiń Ámiy sıyaqlı,
Meniń Nókisimde Baku sıyaqlı-dep jazadı.

Shayır da geypara siyasatshıl adamlardıń xalıqlar doslıǵı bul bir jańa zamanda payda bolǵan nızamlılıq, xalıqlar burın bir-birlerine jaw bolıp jasaǵan degen pikirlerge qarsı shıǵıp sóyleydi. Shayır xalıqlar doslıǵı bul uzaq tariyx, uzaqtan kiyatırǵan el dástúrleri dep tastıyıqlaydı. Jáne bir eller arasındaǵı doslıq burınları qanday bolsa, házirde sonday ekenligin kórsetedi. Bul tuwralı xalıq shayırı:

...Kórdim seniń Jayhun kibi sırıńdı,
Kórdim seniń Ústirt kibi qırıńdı,
Júyrikligi qıyalımday elimniń,
Hújdanımday kókte ushqan dimarı.

...Mákanımız ishki zawqın ashqanday,
Jarqıraysań gúlindey bop doslıqtıń,
Ózbek,qazaq tatıw ósken dos jurttıń,
Miynetleriń iri mısal gewdedey,
Kórinerseń qaynar bulaq taw kándey,-dep kórsetedi.Xalıq

shayırı hámme shıǵarmalarında da eldi, xalıqtı qaharmanlıq gózzallıqlarǵa bólep kórsetedi. Sonlıqtan onıń 60-jılları jazǵan shıǵarmaları onnan burıngı jazǵan shıǵarmalarınan sapalıǵı jaǵınan ayrılıp turadı.Sol sebepli, avtor bul jıllardaǵı dóretken shıǵarmaların óz aldına toplam etip tayarlaǵanda onı"Jańa zaman jırları"dep ataydı.

Jańa dáwirde 60-jıllarǵa kelip jámiyetlik ómir bir qansha jaqsılandı, belsendilik halatqa tústi. Degen menen, elde xalıqlıq ádep-ikramlılıq,úrip-ádetlerge jayǵaspaytuǵın shuǵıllıq, aldawshılıq, hámelparazlıq, paraxorlıq, araqxorlıq usaǵan jaman illetler kóp edi. Usılarǵa qarsı shayır satirası bul jıllarda hár qashangı jıllardan da ótkirlese tústi. Máselen:"Oylap kórer", "Men sonda maqtayman", "Namıs sózi", "Ashılıp sırıń", "Áwere", "Seniń ıshqıń"h.t.b kóp-kóp ótkir satiralıq shıǵarmaların xalıq shayırı usı jılları jazdı. Xalıq shayırı bul jıllarda xalıqtıń jámiyetlik, mámleketlik xızmetlerin baqlawshı hám bahalawshı adam bolıw menen birge ózi de sol dáwir

adamınıń biri bolıp qaldı. Bunıń dálili onıń "Hújdanım" degen shıǵarmasında, bul niyeti aytıladı. Máselen: Ele talay sózler dizbekletermen,

Ele talay sınaw kózden ótermen,
Ele talay elge xızmet etermen,
Ele berin sharshamaspan hújdanım,- dep jazadı.

1960-jıllarda shayır qaraqalpaq ádebiyatınıń bir túrin hám janrlıq jaqtan da rawajlandırdı. Onıń dóretiwshiliginde tımsal, rubayıy janrları da óziniń rawajlanıwın taptı. Balalarǵa arnalǵan shıǵarmalar da belgili orın iyeledi.

Xalıq shayırı Sadıq shayırdıń milliy qaraqalpaq ádebiyatındaǵı úlken tabıslarınıń biri ol 50-70 jıllarda qaraqalpaq ádebiyatın iri epikalıq janrlar menen de bayıttı. Ol 1950-jılı "Berdaq" poemasın jazıp pitkerdi, olardı sol jılı baspada da jáariyalap úlgerdi. 1951-jılı "Qamarı", 1955-56 –jılları balalar turmısınan alıp "Farhad" hám "Túlkishek" poemaların jazdı. 1957-58- jılları "Teńizde" poemasın, 1968-jılı" Zarımbettiń ǵabırısı", "Jipekshi Jańıl" poemaların 1966-67- jılları úlken "Xanalaslar" dástanın jazıp pitkerdi.

"Berdaq shayır" poeması.1950-jılı Xalıq shayırı Sadıq Nurımbetov poema janrına birinshi ret qol urdı. Xalıq shayırınıń Berdaq shayır poemasın jazıwına tómendegidey jaǵdaylar sebep boldı. Buǵan shekem ol óziniń dóretiwshilik xızmetinde óziniń poema janrında da sınap kóriw niyetinde boldı. Ol bul máselede ásirese, qanday mashqalanı ortaǵa qoyıw máselesinde kóp oylandı, kóp izleniwlerge berildi. Usı oylanıw dáwirlerinde oǵan XIX ásir qaraqalpaq ádebiyatınıń belgili klassigi Berdaq Ǵarǵabay ulı tuwralı poemalıq shıǵarma jazıwǵa tuwra keldi. Buǵan sol dáwirdegi eki túrli jaǵday sebep boldı. Birinshisi 1950-jılları Respublikada bir topar ilimpaz ádebiyatshı tariyxshı sımaqlar baspa sózlerde hám úlken respublikalıq májiliste Berdaq shayırdıń elimiz, xalqımız aldındaǵı shayırshılıq, baqsıshılıq xızmetlerin biykarlap, onıń XIX ásirde elde úlken xalıq shayırı bolıp ótkenligine guman keltirip hár túrli qolaysız gáplerdi jiyi-jiyi aytatuǵın boldı. Bul toparlar A.Savickiy, Murodov, Narenov, Melshakov, Q.Irmanov h.t.blar. Berdaq shayır haqqında payda bolıp atırǵan ilimiy kóz-qaraslardıda biykarlay basladı. Elde úlken qolaysız jaǵdaylar kelip shıqtı. Bul jaǵdaylar rastan da xalqımızdıń qáhárin keltirdi. Ásirese bul qolaysız máseleler xalıq shayırları Abbaz shayırdıń, Sadıq shayırlardıń da qáhárin keltirdi. Berdaq shayırdıń dóretiwshilik xızmetlerin biykarlawshı ol haqqında ilimiy pikir aytqan ilimpazlar N.Dáwqaraev, Q.Ayımbetov h.t.b lardıń atlarına ǵáremet tasların atıwshılar menen keskin gúres jılları boldı.

Bunday eldegi milliy ádebiyat, mádeniyat maydanındaǵı bolıp atırǵan qolaysızlıqlarǵa qaramay 1950-jılı respublikamız jámiyetshiligi XIX ásir qaraqalpaq ádebiyatınıń eń iri klassikleriniń biri sıpatında Berdaq shayırdıń ólgenliginiń 50 jıllıǵın belgilewge kiristi. Onıń tolıq shıǵarmalar jıynaǵın

baspadan shıǵarıwdı jobalastırdı. Baspa sózde, radioda ol haqqında hár qıylı maqalalar járiyalap barıwdı qolǵa aldı. Jáne de Berdaq shayırdıń ómiri hám dóretiwshilik jolları haqqında materiyallar jıynaw, elden ele onıń jazıp alınbaǵan shıǵarmaların jazıp alıw maqsetinde, Qaraqalpaqstannıń arqa rayonlarında tariyxıy etnografiyalıq, ádebiy-folklorlıq hám lingvistikalıq ekspediciya da shólkemlestirildi. Bunı Qaraqalpaqstan jazıwshılar awqamı baslıǵı J.Aymurzaev penen Ózbekstan Ilimler Akademiyasınıń Qaraqalpaqstan kompleksi ilim izertlew institutı shólkemlestirildi. Ilimiy kompleksli ekpediciyaǵa institutttıń ilimiy xızmetkerlerinen tısqarı kóp jazıwshılar ásirese, xalıq shayırları Abbaz shayır, Sadıq shayır Rambergen shayırlar da qatnastı.Bul jaǵday shayırdıń kim ekenligi Sadıq shayır ushın burınnan belgili bolsa da onıń ilimiy kompleksli ekspediciya quramında júrip, el ishinen xalıqtıń Berdaq shayır miyrasları haqqında materiyallar jıynaw, gápler esitiw oǵan ájayıp bay umıtılmas jaǵdaylar tuwdırdı. Sol sebepli, ol ózininń birinshi poemasın Berdaq shayır haqqında jazıwǵa qarar etti. Bul birinshiden, XIX áside qaraqalpaq klassigin xalqı menen birge turıp húrmet etetuǵınlıǵın kórsetse, ekinshiden, XX ásirdiń ortlarında Berdaq shayır miyrasın joqqa shıǵarıwǵa urınıwshı ilimpazlarǵa jámiyetshilik atınan qarsılıq hám qaralawshılıq dep bildi. Sol sebepli shayır bul poemasın birinshi tariyxıy poemam dep atadı. Jáne de tap sol 1950-jıldıń ózinde onı jazıp pitkerip baspa sózde de járiyalap úlgerdi. Úshinshiden ádebiyat tariyxı wákilleriniń ótkendegi óz mádeniy miyrasına hám tájiriybelerine sadıq bolıp qalǵanlıǵın da kórsetti. Solay etip, bul poema milliy ádebiy process ushın da,ilim ushın da bul jıllarda úlken tariyxıy áhmiyetke iye tariyxıy poema bolıp qaldı.

Sol ushın da maqsetlerdi kózde tutıp Sadıq shayır "Berdaq shayır"poemasınıń ústinde sharshamastan kúni-túni isledi. Poemanıń kirisiw bóliminde Berdaq shayır jasaǵan dáwirdiń sociyallıq jaǵdayları tolıq berildi. Usı tariyxıy sharayatta Berdaqtıń balalıǵı ótedi. Xalıq ash, jalańash, awır feodallıq patriarxallıq zamanda jasasa da olar óz úrip-ádetlerine, sán- saltanatlarına iye xalıq ekenligi awıllarda toy merekesi kóp, baqsı, jıraw, qıssaxanlarǵa bay, tolı el ekenligin kórsetedi. Berdaq bala waqıtlarınan-aq eldegi xalıqtaǵı kórkem ónerge, mádeniyatqa qızıǵadı. Bir kúnleri awılǵa Aqımbet baqsı kelip toy sawadı. Toyǵa barıwǵa ákesinen pul soraydı. Ákesi Sewilbaydıń xızmetinde kóp jıllardan beri xızmet islegen, ol da barıp balası ushın onnan pul soraydı. Kóp dawlar menen onnan zorǵa pul aladı. Baqsıǵa kelgen bir payıtında, ol Aqımbet baqsıǵa óziniń qosıq aytıwǵa, saz shertiwge qumar ekenligin bildiredi. Aqımbet baqsı sol toyda oǵan saz sherttirip, qosıq ayttırıp sınap kóredi. Onıń keleshekte talantlı baqsı bolatuǵınlıǵın bilip Berdaqqa bir duwtar sawǵa etedi. Bunı kórgen sol awıldaǵı Dáwlen sılbır degen Aqımbet baqsıǵa: "Sen bul duwtardı biykarǵa berip atırsań, ol duwtardıń qádirin bilmeydi. Onnan bul duwtardı maǵan ber" -dep asıladı. Usınıń ústinde úlken bir daw shıǵadı. Tóbeles baslanadı. Bunı kórgen Berdaqtıń adamları Dáwlen sılbırdı sabap, duwtardı Berdaqqa qaldıradı. Jáne de oǵan

bir jamanlıq bolıp júrer dep onı belgili bir waqıtlarğa shekem basqa jaqlarğa qashırıp jiberedi. Bul jağında awıldıń adamalrı da Berdaqtıń tárepinde turadı.

Poemada bunnan basqa da Berdaqtıń baqsılıq dáwirlerindegi bolğan tariyxıy reallıq waqıyalar shığarmada kirgizilgen. Máselen: Berdaqtıń Qumsawıt degen jerde Qaraqum iyshannıń mollaları arasında baqsılıq etkenligi bul adamlardıń bir- birine qatnasları el-xalıq dástúrleri jaqsı berilgen. Eń baslısı, poemada Berdaqtıń eli, xalqı súygen baqsı bolıp jetilisiw máseleleri isenimli jazılğan. Berdaqqa tán xarakterler durıs berilgen.

Qamarı poeması. Bul poema 1960-jıllarda elimizdiń mal sharwashılığı tarawlarındağı ómirinen alıp jazılğan jaqsı epikalıq shığarması. 50- jıllardıń ekinshi yarımında elimiz rawajında xalıqtıń mal sharwashılığına ayrıqsha bir kewil bólingen jıllar boldı.

Xalıq shayırı "Qamarı" poemasında Úsen Elmuratovtıń sharwashılıqtağı tabısları jırlanadı. Úsen qısta qoylardı jıllı qoralarda saqlaydı. Olardı mol ot jem menen bağadı. Jazda otlaqlı jerlerge jayadı. Sol sebepli onıń qoyları hár jılı egiz egizden tuwadı. Bul qıyın jumısta Úsenge úy ishleri, bala-shağaları ásirese qızı Ayjan kóp járdemlesedi. Qızı da onınshı klasstı pitkerdi. Úsen oğan quwanıp toy beredi. Toyda ferma baslığı Úsenge rayondağı aldıńğı sharwa bolğanlığı sebepli Moskvağa awıl xojalığı kórgizbesine baratuğınlığın xabarlaydı.

Úsenniń qoyları hámme waqıt qamarı qozı tuwadı. Solardan ol bir qamarı terini qızım joqarı oqıw orınlarına kirse, paltosına jağa bolar edi dep saqlaydı.Ol Moskvağa sol qamarı terini kórgizbege aparadı. Bul jerde shayır jeke mápten mámleketlik mápti joqarı qoyadı. Poemanıń jetiskenligi de usında.

"Teńizde"poeması1957-59-jılları jazıladı. Bunda elimizdegi jaslardıń elimizdegi miynettegi, ásirese eldiń balıqshılıq turmısındağı qaharmanlıqları jır boladı. Bunda teńiz stixiyasına gúres, ekinshi hár bir adamdağı gumanizm mashqalaları gáp boladı.

Poemada balıqshı Baltabaydıń qurıp qoyğan qarmağna jayın túsedi. Ol tuwlap atırğanda onı Baltabay bagor menen urıp tınıshlandıradı. Soń onı qayıqqa salıp awılğa tartıp kiyatırğanda qayıqta jayın tuwlap Baltabay teńizge túsip ketedi. Endi ol qayıqtı quwıp uslay almaydı. Ushan teńizde ómir ushın gúres baslanadı. Teńizde dawıl turadı. Onnan soń hámme balıqshılar úylerine qaytıwğa májbúr boladı. Jağağa kelse balıqshılardan Baltabay joq bolıp shığadı.

Bir balıqshını joğaltıw- balıqshılar ushın ar-namıs boladı. Dawıldan qazanday qaynap atırğan teńizge Baltabaydı izlep jas qız Sapargúl qayıq penen shığadı. Kóp mezgillerde tolqın menen ayqasıp júrgen Baltabaydı tawıp alıp, aman-esen onı jağağa alıp keledi.

Baltabay emlewxanada jatıp táwir boladı. Poemanıń aqırında Baltabay menen Sapargúl turmıs quradı.

“Zarımbettiń ǵabırısı” poeması.1950-jılları xalıq shayırınıń miynetten júdá háwijge mingen jılları boldı. Sebebi, bul jıllarǵa shekem júdá kóp sanlı lirikalıq hám epikalıq shıǵarmalar dóretti. Óz dóretpeleri menen ádebiyatta Sadıq shayır belgili xalıq shayırı degen ataqqa iye boldı. Jáne de milliy ádebiyattıń tematikalıq, janrlıq hám kórkemlik jaqtan bayıwına at salısqan shayır boldı.

“Zarımbettiń ǵabırısı” atlı poeması xalıq shayırınıń úlken satiralıq shıǵarması boldı. Onda tiykarǵı gáp etetuǵın waqıyalar Zarımbet degen aqsha bólimimnniń bir xızmetkeri balalrı menen hayalın taslap jas qızǵa úylenedi.Onıń bul háreketlerin, ádep qońsı-qobaları, soń el xalıq jek kóre baslaydı. Adamlardıń oǵan bolǵan jekkóriwshilik kóz-qarasın poemada xalıq shayırı bılay beredi:

Gey adamnıń aynımaǵı jelden tez,
Onnan adam qalayınsha jerkenbes,
Óz turmısın ózi buzǵan adamnıń,
Kózi kórse kim etpesin úlken sóz.

Zarımbetke kelgennen keyin Biybijan adamlardan onıń hayalınıń ólmegenligin, onnan ul hám qızlardıń barlıǵın esitedi. Hátte, kóp adamlar Biybijannıń birewdiń xojalıǵın buzıp, ul-qızlardı atasınan ayırǵanlıqların betine basadı. Bul gáplerdi esitip Biybijan oylanıp qaladı. Ol ómirde aldanǵanlıǵın biledi. Solay etip, ol Zarımbettiń burıngı taslaǵan hayalın tawıp alıp, ol oǵan óziniń aldanǵanlıǵın aytıp keshirim soraydı. Jáne de ol tez kúnde Zarımbetten ayrılısıp ketedi. Mine, usınday bir geypara shańaraqlarda júz berip turatuǵın qolaysız waqıyalar haqqında shayır bulardı xalıqlıq kóz-qarastan turıp kritikalaydı.

Poemada Zarımbet shańaraqtıń, óz ómirlik joldasınıń, ul-qızdıń qádirin bilmeytuǵın topas adam ekenligin kórsetedi.

Biybijan sada qız. Ol ómirde qattı aldawǵa túsedi. Ol tájiriybesizlikten birewdiń xojalıǵın buzıp aladı. Burıngı hayalı Gúlim de Zarımbetke jalınıp barǵısı kelmeydi. Zarımbet bir ózi úyinde qalıp azap shegedi. Chay tamaq degenlerdi pisire almaydı. Úyde bir ózi xor boladı. Qońsı-qoba aǵayinler onı oylamaydı. Qayta haqqıńnan dep ház etedi.

Qıynalǵan Zarımbet bir kúnleri burıngı hayalı Gúlimge jalınıp baradı. Poemanıń aqırında Zarımbet penen Gúlim qosılıp baxıtlı ómir keshiredi. Bul poemanıń jaqsılıǵı-waqıya qısqa bir shańaraq átirapına qurılǵan. Bunda oylandırarlıq waqıya kóp. Jáne bunda avtor hár qıylı psixologiyalardaǵı adamlar obrazın sheber beredi.

“Jipekshi Jańıl” poeması. Xalıq shayırı Sadıq Nurımbetov bul úlken shıǵarmasın 1960-jılı jazıp pitkeredi. Bul respublika xalqımızdıń pillekeshlik tarawındaǵı jetiskenliklerin jırlawǵa arnalǵan poema. Shıǵarmanıń jáne bir jetiskenligi poema jaslar turmısınan alıp jazılǵan.Sol sebepli bolıwı kerek, úlken miynet qaharmanlarınıń jırlanıwı menen qatar muhabbat teması da shıǵarmanıń tiykarǵı syujetlik liniyasınan jeterli orın iyeleydi.

Poemanıń jáne bir jetiskenligi biziń milliy ádebiyatımızda ulıwma sóz bolıp júrgen turmıs obektin pilleshilik tarawındağı jetiskenlikler gáp etiledi. Bul jáne de keń epikalıq jobada gáp boladı. Bul tarawdı avtordıń óziniń jaqsı biletuğınlığı yamasa shığarmanı jazıwğa shekem ózi jumıs etetuğın obekttiń jaqsı úyrengenligi bilinip turadı. Sebebi poemada nawqan qaysı waqıtlarda baslanadı, olardıń jasları neshede, qurtlarğa japıraq beretuğın waqıtların qaysı payıtlarda qalay beretuğınlıqlarına shekem tolıq biledi. Pilleni oraw waqıtları qashan, sol waqıtlarda olardan ne islew kerek boladı, sonda pille sapası qanday bolatuğınlığın poemada sol kitap iyesindey xalıq shayırı gáp etedi. Usı pille tutıw, pille ósiriw mashqalaların kolxozda Jańıl ğana jaqsı biledi. Sol sebepli ol kolxozda pillekesh qız atandı. Jáne de Jańıl, pilleni ósiriw, pille jetistiriw menen watanğa, xalqına islep atırğan xızmetlerim dep biledi:

Poemada tolıq momentler kóp ushırasadı. Máselen, Jańıl pilleden bul sezonlıq jumıs dep qaramaydı. Ol elde pille jetistiriwdiń jolların qarastıradı. Hátte, pille ağashların tańlaydı. Solay etip, Jańıl hár jılı kolxozında mol pille jetistiriw ushın ol awılğa tut ağashların ektiredi. Awılda pille bazasın jetistiredi. Ol kolxozda pille jetistiriwde bir ózi emes, óziniń awıllas Sara, Gulay, Patma usağan qurdaslarına da tut egiw pille jetistiriwdiń jolların úyretedi. Poemada Jańıl awılda traktorshı jigitti jaqsı kóredi. Ol da Jańıldı miynetkeshligi sebepli súyedi. Bular arasında muhabbat, el, xalıq úrip-ádetine sıyımlı súwretlenedi. Onnan soń shığarmada hár qıylı turmısta bolarlıq detallar da berilip barıladı. Olar da, álbette gáp etilip atırğan poemanıń mazmunına baylanıslı beriledi. Bul jağdaylar qayta shığarmanıń mazmunın tereńlestiredi, kórkemligin bayıtadı.

Poemada Jańıldıń muhabbat haqqındağı oyları, jáne de Shámshettiń jipekshi Jańıl haqqındağı oyları da júdá lirik xarakterdi iyeleydi. Geypara waqıtlarda Jańıl óz súygen jigiti Shámshet haqqında kóp oylaydı. Mısal ushın, qaharmannıń bul oylarınan úzindi bereyik:

Qanday baxıt jipekshi qız bolğanım,
Quwanıshqa, mol lázzetke mol janım,
Kewil ashar traktorı gúrildep,
Qushaq ashıp kel, Shámshetim, kel janım.

Qarańız, xalıq shayırındağı sheberlik qanday jaqsı! Názik qız qıyalın, qız oyların poemada sóyletiw sheberlikleri unaydı. Kórkem shığarma adamnıń ishki sezimlerin durıs beriw sheberligi menen ğana ol kórkemlik dúnyanıń sırların ashadı. Adamğa jağımlı hám gózzal kórinerdi. Qaharmannıń oy-qıyalları menen ortaqlasasań! Xaliq shayırı usı tilsimli dúnyanı sóyletedi. Ol haqıyqıy muhabbatttı, ásirese qız qıyalların sóyletedi. Bul jağday hár bir adamnıń estetikalıq sezimlerine de tásir jasaydı. Adamğa jańa hám turaqlı muhabbattıń da qanday bolatuğınlığın kórsetedi.

Jańıldaǵı adamgershilik, turaqlı muhabbat onıń Shámshetke ǵana kewlinde bolǵan qıyalı emes, al, ondaǵı jaqsı niyet, jaqsı muhabbat ol hámme adamlarǵa da atızdaǵı, bolmasa ulıwma el, xalqı ushın kúsh-jigerin jumsap atırǵan barlıq miynet adamlarında sonday ekenligi kórinedi. Shámshet penen Jańıldı bir-birine jek kórsetiw maqsetinde qız jeńgesi Jańılǵa "Súygen jigitiniń bir shekesi jara tırtıq ǵoy!-degende Jańıl oǵan: Ol Shámshettegi qaharmanlıqtıń belgisi! -dep juwap berdi. Sebebi, mal qoraǵa ot tiygende, kolxoz qoyların órtten qutqaraman dep ol ot óshirip júrgende, Shámshet shekesin kúydirip aladı. Onı Jańıl kúyip tırtıq bolǵan dep kemsitpey, qayta ol jámiyettegi kolxoz malın órtten saqlap qalıw ushın óz ómirin ayamay júrgendegi qaharmanlıqtıń belgisi dep qaraydı. Xalıq shayırı shıǵarmasın jazsa da, ol ondaǵı gáp etejaq waqıyalarına jan- táni menen barlıq shayırshılıq talantın jumsap jazadı. Shıǵarmadaǵı qaharmanlardıń barlıq islerine ózi sherik bolıp jasaydı. Sol ushın shıǵarma sheber hám kórkem jazıladı. Qaharmanlar obrazları da isenimli shıǵadı.

Xalıq shayırınıń usı "Jipekshi Jańıl" poemasınıń da eń jetiskenligi-onda háreket etiwshi barlıq qaharmanlar shayır idealınan jasalǵan, ómirde bar jasap atırǵan qaharmanlar. Olar hámmesi jaqsı niyette el, xalıq ushın xızmet qılıp júrgen adamlar jáne de barlıǵı ullı tilek, maqset penen jobalı is qılıp júrgen adamlar. Sol sebepli de olar úlken tabıslarǵa erisedi. El xalıqtan bárhá alǵıslar aladı. Solay etip, poemada 60-jıllardaǵı eldegi adamlardıń xarakterleri shıǵarmada durıs jasaladı. Poemanıń usı jaǵı yaǵnıy, dáwir talabı menen jazılǵan ekenligi bahalı.

**Xalıq shayırırnıń dástanlıq shıǵarmaları.**

Xalıq shayırınıń hámmesinde de dástanlıq shıǵarmalardıń bolıwı nızamlı qubılıs. Sebebi, dástanlıq dóretpe , xalıq túsiniginde kórkem shıǵarmalardıń eń úlkeni. Onnan artıq shıǵarma bolmaydı. Al, onday ullı shıǵarmalardı dóretiw tek xalıq shayırlarınıń ǵana qolınan keledi. Sonıń ushın da xalıq shayırıman degen azamat, álbette xalıq dástanın dóretiwi shárt bolǵan. Haqıyqatında da, XX ásirde burıńǵı klassik ádebiyattaǵı jazba dástanlıq shıǵarmalardı aytpaǵannıń ózinde tek XX ásirdıń ishinde jasap ótken xalıq shayırları bolǵan Ayapbergen Musa ulınıń "Xudaybergen" dástanı, Abdiqádir shayırdıń "Qızketken" dástanı Abbaz shayırdıń "Bahadır"dástanı, Sadıq shayırdıń "Baxtiyar", "Xanalaslar" dástanları, D.Qasımovtıń "Doslıq" dástanı xalıq shayırlarınıń barlıǵında da usınday úlken dástanlıq shıǵarmalardıń bolǵanlıǵın dálilleydi.

XX ásirde dóregen shıǵarmalrdıń barlıǵı da usı ásirdegi qaraqalpaq milliy ádebiyatınıń joqarı dárejede rawajlanǵanlıǵın kórsetiwshi jazba dástanlıq shıǵarmalar boldı. Jáne de bul dástanlardıń barlıǵın da jazıp dóretken shayırlar meshit, medreselerde oqıǵan sawatlı xalıq shayırları edi.

Milliy ádebiyatqa 1930-jıllarda kelip qosılǵan eki xalıq shayırı da, Abbaz, Sadıq shayırlar da XIX ásirdıń aqırında XX ásirdıń baslarında Túrkistan jadidshilik háreketlerinen ruxlanǵan jańa kóz-qarastaǵı qáliplesken milliy ádebiyattıń

dástúrlerinde ósip jetilisken hám olardıń dástúrlerin dawam ettiriwshi xalıq talantları boldı.

Jańa dáwirde jasaǵan eki xalıq shayırı da 40-50 jıllarda dástanlıq shıǵarmalar jazıwǵa kiristi. Sadıq shayır da 1950-jılı "Baxtiyar" dástanın jazıp pitkerdi. Jáne de onı baspada da járiyaladı. Biraq bul jılǵı bul dástan oqıwshılar jámiyetshiligi tárepinen jaqsı qabıl etilmedi. Onıń birden-bir sebebi-shayır onda burın eldi baspashılar iyelep turǵan, xalıq júdá qárep awhalda jasaǵan. Eldegi burınnan jetilisken úrip-ádet, salt-sana tariyx, ádebiyat, mádeniyat jetiskenlikleri, xalıqtıń aqıl-parasatlıǵı, sol el saltanatın qızıl imperiyanıń basıp alıwı, usı dáwirdegi milliy gúresler dástanda jetkilikli kórsetilmegen, siyasat joqarı dárejede súwretlengen. Sol sebepli xalıq shayırınıń bul shıǵarmasın oqıwshılar jámiyetshiligi jaqsı dástan dep qabıl etpedi. Jáne de ol bizdegi milliy dástanshılıq dástúrlerde dóremegen shıǵarma dep qaraldı. Bul saparǵı Sadıq shayırdıń dástanlıq shıǵarma dóretiwdegi bul birinshi adımı sátsiz bolıp shıqtı. 1970-jılı bul dástan shayır tárepinen qayta islendi. 1980-jılı bul jańa variyant baspada járiyalandı. Albette, bul saparǵı "Baxtiyar" dástanınıń jańa variyantı qısqa hám burıńǵılarına qaraǵanda ıqshamıraq bolıp shıqtı.

Dástan jazıw máselesinde biraz qıyınshılıqlarǵa ushıraǵan Sadıq shayır 1966-67-jılları "Xanalaslar" dástanı ústinde kóp jıl qunt penen isledi. Dástan kitap bolıp baspadan basılıp shıǵıwı menen-aq oqıwshılar jámiyetshiligi jaqsı qabıl etti. Sebebi, shıǵarmanıń syujetlik liniyası, kompoziciyalıq qurılısı, tili, kórkemlik ózgeshelikleri adamdı ózine tartarlıq dárejede jaqsı bolıp shıqtı. Onıń ústine shıǵarma qaraqalpaq milliy dástanshılıq dástúr jolları menen jasalǵan kórkem polotno ekenligi menen kórinip turar edi. Ásirese, keskin konfliktli ómir shınlıqlarında jaratılǵan, jáne de xalıqlar doslıǵı jeterli hám isenimli dárejede gáp bolǵan dástan ekenligi menen jaqsı edi. Onıń ústine, eldegi bay tábiyat kórinisleri, eń baslısı eldegi sol zamanlardaǵı sociyallıq ómir haqıyqatları, qaharmanlardıń óz maqsetleri ushın gúresleri, ásirese, milliy xarakterler, bir-birewge eldegi mehribanlıq dástúrler, jawızlıqlarǵa qarsı el birligi, eldegi bir-birewdi qollap-quwatlaw úrp-ádeti, el-xalıq dástúrleri dástanda kórkem til sheberlikleri menen júdá isenimli beriledi. Máselen: Nókis degen awılda Qaysar Qallash degen adam Toymasbay degen baydıń esiginde kóp jıllap diyqan bolıp júredi. Onıń jerlerin egedi. Tóginin tógedi. Qısı-jazı jabın qazadı. Biraq Toymasbay diyqannıń haqısın bermeydi. Onıń ústine, qaysar Qallashtıń úylenemen dep júrgen qızın da Toymasbaydıń Jılqıbay degen inisi zorlıq penen onı hayallıqqa aladı. Toymasbaydıń ol inisi óledi. Inisi ólgennen soń kelinin Toymasbaydıń ózi hayallıqqa almaqshı boladı. Ol qayıl bolmaǵanlıǵı sebepli onı esiginde gúń etip qoyadı. Bul awhallardan soń Qaysar Qallash basqa hayalǵa úylenedi.

Qaysar Qallashtıń haqıyqıy miynet adamnıń obrazı avtor tárepinen usılay jaratıladı. Ol qarıwlı bolǵanlıǵı menen sotciyallıq teńsizlik onı turmısta júdá

ábigerlendiredi. Ash jasaydı. Bir kúni Qaysar Qallashtıń esigine úsh jetim balalar keledi. Olardıń birewi qaraqalpaq, birewi-ózbek, birewi-oralskiydiń balası, orıs bala boladı. Olar dım jas boladı. Ózlerin kimniń balası ekenligin de aytıp bere almaydı. Qaysar Qallash ózi tamaq tappay otırsa da, bul jetimlerdi kórip ayap úyine kirgizedi. Olardı ózine bala qılıp aladı. Úyinde asıraydı. Endi qaysar Qallashtıń óziniń kún kórisi, balların asıraw ushın Toymasbaydan onıń esiginde júrgen kúnleriniń haqısın soraydı. Toymasbay haqısın bermeydi. Ádebinde daw-jánjel bolıp, bay menen diyqan arasında tóbeles bolıp tarqasadı. Qaysar Qallashqa da járdem beretuǵın adamlar tabıladı. Bir kúni Qaysar Qallash túnde kelip baydı sabap ketedi. Onı bilgen bay Qaysar Qallashtı óz adamlarına sabatadı. Iytlerine talatadı. Dástanda bulardan da basqa kóp waqıyalar gáp boladı.

Dástanda XIX ásirdiń aqırı XX ásirdiń basındaǵı qaraqalpaq jerindegi júz bergen bunday waqıyalar, patshalıqtıń qulawı, erkin zamanlardıń ornawı gáp boladı. Biraq jeńis dástanda bul dáwirdegi jańa jámiyetshilik ideyalar arqalı gáp bolmaydı.Bul waqıtlarda shayır dáwir, sol jıllardaǵı tariyx izleri menen gáp etedi. Bári bir ol dáwirdegi jámiyettegi jańalanıw, jadidler háreketi edi.Usı tariyx penen dástan qosılıp jırlanadı. Dástannıń qaraqalpaq ádebiyatındaǵı qunlılıǵı-xalıq dástúrlerine bay bolıp keledi. Waqıyalardı poeziya tili menen bayanlaw, súwretlewde shıǵarmanı kórkemlik sheberlikler menen ájayıp túrde kestelengen. Shayır xalıq tiliniń barlıq múmkinshiliklerinen jaqsı paydalanǵan. Bul shıǵarma haqıyqatları da XX ásir ádebiyatın dástanlıq jaqtan bayıtqan shıǵarma boldı. Sol sebepli de 1969-70-jılları Berdaq atındaǵı mámleketlik sıylıq beriw boyınsha respublikalıq komitet Ózbekstan xalıq jırshısı, Qaraqalpaqstan xalıq shayırı Sadıq Nurımbet ulına “Xanalaslar” dástanı ushın Berdaq atındaǵı mámleketlik sıylıqtı beriwge qarar etti.

Sadıq shayır Nurımbet ulı XIX ásirdiń basındaǵı jadidshilik ideyalarınan ruwxlanǵan qaraqalpaq demokratik ádebiyattıń nızamlı dawam etiwshileriniń biri sıpatında ádebiyat maydanına kelip qosılǵan shayır. Bul ásirde úlken sawatlı shayırlar mektebi payda boldı. Bular ári xalıq shayırları ári milliy ádebiyattı, mádeniyattı elge keńnen taratıwshı demokratik ideyadaǵı xalıq qıssaxanları da boldı. XX ásirge kelip Sadıq shayır bul ásir ádebiyatın tematikalıq, janrlıq hám kórkemlik jaqtan rawajlandırǵan hám bayıtqan shayırlardıń biri bolıp ádebiyat tariyxında qaldı.

Juwmaqlap aytqanda, xalıqtıń ishinen ósip shıqqan xalıq shayırı S.Nurımbetov XX ásir qaraqalpaq ádebiyatınıń kop janrlı ádebiyat bolıp jetilisiwine, poeziyasınıń bayıwına salmaqlı úles qostı.

«Sadıq Nurımbetov shıgarmaların bilesizbe» atamasında MKO, hám kitapxanalarda ótkeriletuǵın soraw-juwap keshesinin metodikalık jol-jobası.

Keshe otkeriletuǵın jer keshege ılayıq bezeledi. Belsendi kitap oqıwshılardan hár toparda 5-6 dan eki toparga adamlar saylap alınadı. Olarga tayarlıq ushın kitaplar usınıs etiledi. Olar sol kitaplardı oqıp shıgıwları kerek boladı.

Soraw-juwap keshesinde beriletugın sorawlardın ulgileri
1. Xalıqtıń qıyınshılıq waqıtlardağı basınan keshirgen waqıyalardı qaysı shıgarmalarda suwretlegen?
(«Dawıtkól», «Kókshiyel», «Esetsen» qosıqları)
2. Shayırdıń ómir bayanın suwretlewshi qanday shıǵarmaları bar?
(«Dawıtkól», «Kókshiyel», «Esetsen» qosıqları)
3. Shayır Moskva, Tashkent qalalarına qaysı jılları bardı.
(1939-jılı)
4. Onıń «Moskva», «Kórindi» qosıqları qaysı jerde dóregen?
(Moskvada)
5. Jazıwshılar awqamına qaysı jılı qabıl etiledi?
(1939-jılı)
6. Onıń qanday satiralıq shıgarmaları bar?
(Janabergen, Rahmanbergen menen aytıs)
7. Onıń qanday satiralıq poeması bar?
(«Zarımbettiń ǵabırısı»)
8. Onın balalarga arnalǵan qanday kitapları basılıp shıqtı? («Farxat» atlı kitabı)
9. Onın qanday dástanları hám poemaları bar?
(«Baxtiyar», «Qamarı»)
10. Ol tımsal qosıqların neshinshi jıllardan baslap jaza basladı?
(60-jıllardan baslap jaza basladı) h.t.b.
Bunnan basqa MKO, hám de kitapxanalarda otkeriwi mumkin bolgan ilajlardı usınıs etemiz.

Bilimliler bellesiwi:
1. «S.Nurımbetovtıń dástanların bilesizbe?»
2. «Shayırdıń ómirin bilesizbe?
Tematikalıq keshe:
1. «Sadıq Nurımbetov kritik shayır?»
2. «Sadıq Nurımbetov dástanlarında milliylik jırlanıwı»

Bıyıl hámmemizge belgili qaraqalpaq xalqınıń sadıq perzenti, xalıq shayırı Sadıq Nurımbetovtıń tuwılǵanına 125 jıl toladı. Bul sánege baǵıshlanıp kitapxanalarda onıń shıǵarmaları tiykarında kitap kórgizbesin shólkemlestiriwdi usınıs etemiz.

Bul kórgizbeniń bas teması «Talantlı xalıq shayırı» dep ataǵandı maqul kórdik. Kitap oqıwshılardıń paydalanıwına qolaylı bolıwı ushın kórgizbemizdi bólimlerge bólip kórsetemiz.

1- bólim: «Turmıstı teren jırlaǵan jırshı» dep atalıp, bul jerge Sadıq Nurımbetovtın qáleminen doregen shıgarmalarınan qoyılsa boladı.

2- bólim: «Balalar baxtın jırlaǵan shayır» dep atalıp, shayırdın balalarga arnalgan dóretpelerinen qoyılsa boladı.

3- bólim: «Zamanlasları shayır xaqqında» dep atalıp, bul jerge

Sadıq Nurımbetov hám onın shıgarmaları haqqında zamanlaslarının jazganlarınan qoyılsa boladı.

Bilimliler bellesiwi:

1. «Sadıq Nurımbetovtın dástanların bilesizbe?»
2. «Shayırdın omirin bilesizbe?

Tematikalıq keshe:

1. «Sadıq Nurımbetov kritik shayır.»
2. «Sadıq Nurımbetov dástanlarında milliylik jırlanıwı.»

Bıyıl hámmemizge belgili qaraqalpaq xalqınıń sadıq perzenti, xalıq shayırı Sadıq Nurımbetovtıń tuwılǵanına 125 jıl toladı. Bul sánege baǵıshlanıp kitapxanalarda onıń shıǵarmaları tiykarında kitap kórgizbesin shólkemlestiriwdi usınıs etemiz.

Bul kórgizbeniń bas teması «Talantlı xalıq shayırı»dep ataǵandı maqul kórdik. Kitap oqıwshılardıń paydalanıwına qolaylı bolıwıushın kórgizbemizdi bólimlerge bólip kórsetemiz.

1- bólim: «Turmıstı teren jırlagan jırshı» dep atalıp, bul jerge Sadıq Nurımbetovtın qáleminen dóregen shıgarmalarınan qoyılsa boladı.

2- bólim: «Balalar baxtın jırlagan shayır» dep atalıp, shayırdın balalarga arnalgan dóretpelerinen qoyılsa boladı.

3- bólim: «Zamanlasları shayır haqqında» dep atalıp, bul jerge S.Nurımbetov hám onıń shıgarmaları haqqında zamanlaslarınıń jazganlarınan qoyılsa boladı.

Ózin-ózi tekseriw boyınsha sorawlar:

1. Sadıqtıń tuwılǵan jeri hám bilim alǵan ornı haqqında maǵlıwmat beriń?
2. Shayırdıń kórkem tilde kóbirek qaysı kórkemlew quralı jiyi qollanıńǵan?
3. Shayırdıń qıssaxanlıq óneri haqqında ne bilesiz?
4. Ne ushın sadıq xalıq shayırı dep ataladı?
5. Shayır qashan, qaysı dástanı ushın qanday mámleketlik sıylıqqa iye boldı?
6. Shayırdıń qanday satiralıq lirikaların bilesiz?
7. Abbazdıń miynet temasındaǵı qosıqlarınan on atamanı aytıń?
8. Shayırdıń urıs temasıdaǵı qanday shıǵarmaların yadtan bilesiz?
9. Shayırdıń miynet temasındaǵı qanday qosıqların bilesiz?
10. Sadıq shayırdıń tálim alǵan mektep, medrese hám ustazların bilesiz?

Paydalanılǵan ádebiyatlar.


1. Bayniyazov K. Qoltanba tariyxı.- // Ámiudarya.-2009.-№4.-b.-92-99
2. Bekbergenova Z.Xalıq maqtanısh etken xalıq shayırı.- // Erkin Qaraqalpaqstan.- 2001.-6-noyabr.-13.0
3. Xalıq shayırı Sadıq haqqında oylar (S. Nurımbetovtın tuwılǵanına 100-jıl) // Ámudarya.- 2000.-№5.-b. 31-35
4. Sadıq shayır «Berdaq shayır» poeması haqqında (Sadıq shayırdıń tuwılǵanına 100-jıl) // Erkin Qaraqalpaqstan .-2000.-27- may.- №63
5. Mámbetniyazov T. Qaraqalpaq poeziyasın bayıtqan shayır(S. Nurımbetov 100-jasta) // Erkin Qaraqalpaqstan.-2000.-26-sent.-№115

6. Xalıq shayırınan balalarga sıylıq: (S.Nurımbetovtın qosıqlar toplamı haqqında) // Sovet Qaraqalpaqstanı 1958.-21-sent.
7. Paxratdinov Yu. Balalar baxtın jırlagan shayır (S.Nurımbetov)

8.Avtorlar "XX ásir qaraqalpaq ádebiyatı tariyxı"- Tashkent 2018